ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№80 (24.206) ● 2021 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 6, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ хъыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Уэлбанэшхуэм зэтрикъутахэр зэфIагъэувэж

КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек дыгъуасэ иригъэкIыжащ муниципальнэ зэгуэхьэныгъэхэм я Iэтащхьэхэр зыхэта зэIущIэ. Абы къриухьэлIащ Урысейм и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КЪБР-м щы-Iэм и унафэщIым и япэ къуэдзэ Чёрный Михаил.

ТХЬЭМАХУЭ махуэм республикэм щыIа уэлбанэшхуэм, жьапщэм зэтракъутахэр гъэзэкIуэжыным хуэгъэзэуэ зэфIагъэкIэм щыхэплъащ, зэIущIэм.

Чёрный Михаил жиIащ дуней къэхъукъащIэ къыздрымыкIуэм цIыху зэрыхэмыкIуэдар, ауэ электрокъарур муниципальнэ щыналъэ псоми я жылэ зыбжанэм щыIуачын хуей зэрыхъуар. МЧС-мрэ муниципальнэ зэгуэхэныгъэхэмрэ я къару псори щытыкIэр гъэзэкIуэжыным зэрыхуаунэтIар къыхихигъэщащ абы. МЧС-м и лIыкIуэм дэпэкIи сакъын зэрыхуейр жиIащ, дунейм иджыри апхуэдэу зыкъызэридзэкIынкIэ, жащ-махуэ гъунэгъуэхэми щыIуэпсым къэхъукъащIэ къызэрымыкIуэхэр къызыкъуихынкIэ зэрыхъунум къызэкIыу.

Муниципальнэ зэгуэхьэныгъэхэм я администрацэхэм я Iэтащхьэхэм жаIащ уэлбанэшхуэм къыща зэфIэмыхьэныгъэхэр гъэзэкIуэжыным жащым, уэшхымрэ жьымрэ зэрыувыIэу яужь зэрихьар. Мы зэманым ирихьлIэу уэздыгъэ иратыжащ ар щыIуача жыг тхущIым щIигъу, ЖКХ-м и Iэнатlхэр ахэр пыкъалэмрэ я хьэблэ зыбжанэм иджыри абы хуэгъэтIа Iуэхугъэ щыгъэкIуэкI. Щыналъхэм щолажьэ хэщыныгъэу ягъуэтар зыхуэдизыр зыгъэбелджылы комиссэхэр.

Республикэм и къалащхьэм жьым щрищыкIащ жыг тхущIым щIигъу, ЖКХ-м и Iэнатlхэр ахэр пыхьым, гъэзугъэм тегъэкъэбзыкIыным яужь итщ. Iуащхьэмахуэ щыналъэм, Прохладнэ - Бахьсэн - Iуащхьэмахуэ автомобиль гъэзуэм и 83-нэ километым, Нейтринэ къуажэм деж хуэзэу гъэзуэ метр 20-м ятIэпс трихьащ, ущызекIуэнкIэ Iэмал имыIэу. Гъэзугъм къытрихьахэр трагъэкъэбзыкIыжри, ар къызэIуахыжащ.

КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек пщэрыльэ ящищIащ уэлбанэм зэтрикъутахэр зэрагъэпэщщыжыну, щытыкIэр зи нэIэ щIэтын хуей Iэнатlхэр абы адэкIи набдзэгубдзаплъэу кIэпльыпIыну, къэхъукъащIэ къызэрымыкIуэхэм хуэхьэзыру щытыну.

Нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхухэм ящыщу зэIущIэм щыхэплъащ коронавирус уэрыфэ зэрыцIалэм зэрыпэщIэт мастэр республикэм щыпсэухэм яхэлъхьэныем теухуа лэжьыгъэр зэрекIуэкIым. КЪБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Къалэбатэ Рустам жиIащ мы махуэм ирихьлIэу вакцинэр цIыху 77091-м зэрыхалъхьар, етIуанэ хэлъгъуэр 42579-м зэрырахьэлIар. Республикэм вакцинэ иджыри къыIэрохьэ, мастэр щыхалъхьэ щыпIэ 51-р эпымыууэ мэлажьэ. Госпиталхэм цIыху 460-м щоIэзэ, псори зэхэту абыхэм гъэзэлъпIэ 580-рэ щIэтщ, иужьрей жащ-махуэм коронавирус уэрыфэ зэрыцIалэр цIыху 46-м къеуэлIауэ къахутащ.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

Бадзэуэгъуэм и 3-м Мейкъуапэ щекIуэкIащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Хасащхьэм и зи чэзу зэIущIэ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и зэхуэсыщхуэм зыхуагъэхьэзыр

АБы хэтащ Тырку, Иордание, Сирие къэралыгъуэхэм, Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджэс, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэм, Ставрополь, Краснодар щыналъэхэм щыIэ хасэ къудамэхэм я лIыкIуэхэр.

ЗэIущIэм ирагъэблагъэри хэтащ адыгэ лъэпкъыр зэрыгушхуэ тхакIуэ цIэрыIуэ, нэхъыжьыфI **Мэшбащ1э Исхьэкъ**, КЪБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм щIыналъэ политикэмкIэ и управленэм и унафэщI **Куэужей Артём**, Адыгейм лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ, хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм ядэлэжьэнымрэ хъыбарегъащIэ IэнатlэхэмкIэ и комитетым и унафэщI **Щхьэлахъуэ Аскэр**, нэгъуэщIхэри.

ЗэIущIэр къыхэзыIихри иригъэкIуэкIащ ДАХ-м и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**.

Адыгэ Республикэм и Iэтащхьэ **КъумпIыл Мурат** зэIущIэм хэтхэм фIэхъус псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ. Абы къыхигъэщащ адыгэхэм захъумэжьыр, адрей лъэпкъхэм мамыру ядэпсэун папщIэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм илажь Iуэхуэхэм яIэ мыхьэнэр зэрыиныр. ЖиIащ ижьижьыж лъандэрэ къыддэгъэгурыкIуэ хабзэ дахэхэмрэ зэхэтыкIэ екIымрэ дэнэ къэрал щыпсэу адыгэхэри зэпызыщIэ Iуэхугъуэу, ди зыужьыныгъэм и лъабжьэу къызэрильытэр. Адыгейм и Iэтащхьэм къыхихигъэщащ ДАХ-м хэтхэм я къарур зэгъэуIуауэ зэдэлажьэмэ, лъэпкъым и зыужьыныгъэм хуэлажьэ, абы и Iуэху ипэкIэ зыгъэкIуатэ цIыху зыбжанэм.

ДАХ-м и Хасащхьэм и зэIущIэм теухуа тхыгъэ убгъуа ди газетым и къыкIэльыкIуэ къыдэкIыгъуэхэм язым фыкъыщеджэ хъунущ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Iулъхьэм пэщIэтын лэжьыгъэхэр щызэкIэлъыгъэкIуэным теухуа комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2019 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м къыдигъэкIа Указ №149-УГ-мкIэ къащтам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхугъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Iулъхьэм пэщIэтын лэжьыгъэхэр щызэкIэлъыгъэкIуэным теухуа комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2019 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м къыдигъэкIа №149-УГ-мкIэ къащтам, мы къыкIэльыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Комиссэм хэгъэхьэн мы къыкIэльыкIуэхэр:

Потапов А. Е. - Урысей Федерацэм СледствиемкIэ и комитетым следствиемкIэ и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ);*

ЛIуп И. К. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщIым и къуэдзэр;

б) Альтуд Ю. Хь. и къулыкIум зэреджэр мыпхуэдэу къэхъын: «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрат федеральнэ къэрал бюджет Iуэхущ1апIэм и ректорым и къалэнхэр зыгъэзащIэр» *(зэгурыIуауэ)»;*

в) Комиссэм къыхэгъэкIыжын Бекъул Р. Хь., Сарбашевэ С. М.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2021 гъэм мэкъуауэгъуэм и 21-м
№71-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Стратегие зыужьыныгъэмрэ лъэпкъ проектхэмкIэ щыIэ советым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2020 гъэм накъыгъэм и 12-м къыдигъэкIа Указ №54-УГ-мкIэ къащтам, мы къыкIэльыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Стратегие зыужьыныгъэмрэ лъэпкъ проектхэмкIэ щыIэ советым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Стратегие зыужьыныгъэмрэ лъэпкъ проектхэмкIэ щыIэ советым хэтхэр къащтэным и Iуэхугъэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2020 гъэм накъыгъэм и 12-м къыдигъэкIа Указ №54-УГ-мкIэ къащтам, мы къыкIэльыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Советым хэтхэм мы къыкIэльыкIуэхэр хэгъэхьэн:

Пщыншэ Къ. Хь. - Федеральнэ антимонопольнэ къулыкъушIапIэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Соттаев Къу. С. - Iуащхьэмахуэ муниципальнэ щыналъэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ);*

б) Езауэ А. Къ. и къулыкъум зэреджэр мыпхуэдэу къэхъын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министрыр»;

в) Советым къыхэгъэкIыжын Бозий Н. М., Залиханов Къ. Хь-У.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2021 гъэм мэкъуауэгъуэм и 28-м
№75-УГ

КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек цIыхухэм яIущIащ

КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек бадзэуэгъуэм и 3-м яIущIащ я щхьэ IуэхуэкIэ зыкъыхуэзыгъэзазэм. Республикэм и Унафэщым хуэзэну хуейуэ нэхъ пасэу зрагъэтхат Шэрдж, Бахьсэн, ИIэджэм муниципальнэ щыналъэхэм щыщхэм. КIуэкIуэ Казбек деж къэкIуат я псэупIэр ирагъэфIэкIуэным, технологие лъагэр зи лъабжьэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэм хуэныкъуэ, хуэмыщIауэ псэуи, бын куэд щапI унагъуэхэм, апхуэдэуи щытыкIэ гугъу ухэхутахэм щыщхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэр зыкъызэрыуагъэзазэм хэпльащ икIи республикэ властым и зыхуэфащэ органхэм пщэрыльэр яхуищащ къыхэкIуахэм я Iуэхуэхьэр дагъэкIыным хуэунэтIауэ зэрахуэзэфIэкIкIэ зыщIагъэкъуэну.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Узыншагъэ

IэнатIэр зэрырагъэфIэкIуэным хущIокъу

Лыших узыфэхэм щеIэзэ республикэ диспансерым бадзэуэгъуэм и 2-м пресс-конференц щекIуэкIащ. ЗэIущIэм хэтащ КЪБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Къалэбатэ Рустам, абы и къуэдзэ Батыр Заурбэч, Москва къалэ дэт сымаджэщ №40-м и дохутыр нэхъыщхьэм и къуэдзэ, хирургие, онкологие дэIэпыкъуныгъэхэр къызэгъэпэщынымкIэ медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, РУДН-м и профессор Тер-Ованесов Михаил, республикэ онкодиспансерым и дохутыр нэхъыщхьэ Цикоридзе Малхаз сымэ.

ЗЭIУЩIЭМ и пащIэздзам я махуэм ирагъэкIуэкIа операцэм зэрехъулIам и гугъу ящIащ. Зи жьжьейр лыших узыфэм ищта сымаджэр сыхьэтитIым щIигъэкIа операцэ ящIащ.

- Гугъуехь хэлъами, Iуэхур тэмэму зэфIэкIащ, и узыншагъэр нэхъ псынщIэу зэтеувжьыным теухуауэ адэкIэ зэрелIэзэну щIыкIэхэр дубзыхуащ, - жиIащ профессорым. - Къыхэзгъэщыну сыхуейт Республикэ онкодиспансерыр IэмэпсымафIэмкIэ къыззэрызэгъэпэщар, абы и фIыгъэ-кIэ сымаджэр зыхуэныкъуэ медицинэ Iуэхутхьэзэр нэгъэсагъэ игъуэтащ. Диспансерым зэрызыижьыр нэрылъагъуэ. Iэщ1агъэм фIыуэ хэзыщIыкI дохутырхэр фIэщ, абыхэм я зэфIэкIыр здынэсыр нобэрей операцэм наIуэ къыщыхъуащ.

- Хирургием лэжьыгъэм и пIалъэкIэ ущызэхъуэжьыныр хабзэщ. Абы мыхьэнэшхуэ иIэщ ауи Iэзагъэм, зэфIэкIым хэбгъэхъуэнымкIэ, - къыпищащ псалъэмакъым Къалэбатэ Рустам. - А Iэщ1агъэм хуеджахэм псоми операцэ зэрахуэщIыр гурыIуэгъуэщ, ауэ дэтхэнэ хирургми Iуэхум бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ уэиIэжщ. Абы ипкъ иткIэ, профессор, дохутыр цIэрыIуэхэм ирагъэкIуэкI операцэхэм уакIэлъплъыныр уасэншэщ, куэдым ухуегъасэри, Iэмалыщ1эхэр къыуегъащIэри.

Лыших узыфэр зыпкърыт сымаджэхэр нэгъуэщI щыналъэхэм щыIэ клиникэхэм зэрыкIуэм теухуауэ министрым жиIащ щхьэж зыхуей щыпIэм щызригъэIэзэну хуитыныгъэ зэриIэр, нэхъыбэу республикэм щикIыр «лучевая терапия» зэращI Iэмэпсымэр дызэримыIэрати, нэгъабэ ар къэтщэхуащ.

- А IэмэпсымэмкIэ лыших узыфэ зыпкърытым мазэкIэ йоIэзэ, - жиIащ министрым. - Абы къыхэкIыу ар Iэмал имыIэу щыналъэхэм яIэн хуейуэ къызолъытэ. Мы зэманым «лучевая терапия» къудамэм щIыху 50-м нэблагъэ щIэлъщ. Ауэ сымаджэм федеральнэ клиникэхэм щызригъэIэзэну нэхъ къищтэмэ, апхуэдэхэми дапэрыуэкъым, дэ тхуэзэфIэкIымкIэ дадоIэткъу. Мыбдежым къыхэгъэщипхъэу къызолъытэ, уней клиникэхэм уасэм хуэкIуэу зы Iуэхутхьэбзэ къыпхуащIэ мыхъумэ, и кIэм нэсу къоIэзэу зэрыщымытыр. Сымаджэм адэкIэ и узыншагъэр щызэфIигъэувэжьын хуей мэхъу къэрал сымаджэщым.

Республикэ онкодиспансерым и унафэщI Цикоридзе Малхаз жиIащ сымаджэщым лыших узыфэ лIэужьыгъуэ псори зыпкърытхэм зэрыщIэзэзэр, операцэ нэхъ гугъу дыдэхэри зэрыщагъэкIуэкIыр, узыншагъэр зэтеувжьынымкIэ зыхуеину Iуэхутхьэбзэкэр зэрыщыхуащIэри.

Министрым и къуэдзэ Батыр Заурбэч тепсэлъыхьащ хущхуэкIэ къызэгъэпэща зэрыхъум, абы трагъэкIуадэр федеральнэ, щыналъэ бюджетхэм я мылъкум Iыхьэ щхьэхуэу гуэшауэ къызэрыхэкIыр, къыщащэку фармацевт компанием, ар къызэрыIэрыхьэм хабзэ пыухыкIакэр зэриIэм, Iуэхур щызэпыу щхьэусыгъуэхэм.

- ЩIэныгъэм хуабжьу псынщIэу зеужь, медицинэм и Iэнатlэм и къызэгъэпэщыкIэхэми щIэ куэд къыхохьэ, - жиIащ Къалэбатэ Рустам. - Iуэхум теухуауэ щыIэ гугъуехьхэр, къэув упщIэхэри мащIэкъым, ауэ къалэн нэхъыщхьэу сытым дежи къэнэжьи лыших узыфэр зыпкърыт сымаджэхэм ягъуэт медицинэ дэIэпыкъуныгъэр егъэфIэкIуэныр щ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

Нобэрэ пщэдейрэ

Бадзэуэгъуэм и 6, *гъубж*

◆Литвам и къэралыгъуэм и махуэщ

◆Къэзахъ Республикэм щагъэлъапIэ я къалащхьэ Астана и махуэр. 1997 гъэм Къэзахъстаным и парламентым унафэ къищтащ я къалащхьэр Алма-Ата ирахыу Акмола (иджы абы зэреджэр Астанащ) яхьыным теухуауэ.

◆1557 гъэм Къэбэрдейр езым фIэфIу Урысейм гухьащ.

◆1661 гъэм Иркутск къалэм и лъабжьэр ягъэтIылъащ.

◆1785 гъэм США-м и Конгрессым унафэ къищтащ америкэ ахъшэм «доллар» фIэщыным теухуауэ.

◆1803 гъэм Санкт-Петербург къыщыхэзгъэпэщащ мафIэсгъэункIыфI гуп.

◆1885 гъэм хьэщхьэрыIуэ узыфэм зэребэн хущхьэр япэу цIыхум халъхьащ. Франджы микробилог цIэрыIуэ Пастер Луи а мастэр игъэунэхурт псэущхьэхэм ярихьэлIэуэр. Хущхьэр, Iэмалынышгъэм ирихулIэри, абы хиIун хуей хъущ хьэ зэдзэкъ, кьелынкIэ зыщымыгуГъ сабийм. Сыхьэтипщ1кIэ еIэза нэужь, щIалэ цIыкIум и узыншагъэр ефIэкIуэжу хуежьащ икIи узыфэ шынагъэм кьелауэ щытащ.

◆1912 гъэм Швециемрэ и къалащхьэ Стокгольм къыщызэIуахащ V гъэмахуэ Олимп джгуэхэр. ИпэжьыпIэкIэ зэхьэзэхуэхэр екIуэкIащ мэлыхьыхьым къыщыщIэздзауэ.

◆1923 гъэм къэру игъуэтащ СССР-р къызэрэпэщыныкъэ абы и Конституцэр къащтэныкъэ теухуа унафэм. СССР-м и ЦIыхубэ Комиссархэм я Советымрэ (Правительствэр) наркоматхэмрэ къызэрагъэпэщащ.

◆1957 гъэм КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и гуфIэгъуэ сессие зэхэтащ. Ар теухуауэ щытащ Къэбэрдей ерым фIэфIу Урысейм зэрыгучъэрэ илъэс 400 зэрырикъуам икIи республикэм Ленин орденыр етIуанэу къызэрыратам.

◆2009 гъэм Москва къэкIуащ США-м и президент Обамэ Барак.

◆2013 гъэм Тэтэрстаным и къалащхьэ Къэзан къыщызэIуахащ XXVII Дунейпсо Гъэмахуэ Универсиадэр.

◆1825 - 1855 гъэхэм Урысейм и императору щыта **Николай Езанэр** къызэрэлъхурэ илъэс 225-рэ ирокIу.

◆Къэзахъ Республикэм и президенту илъэс щэщIым нэблагъэкIэ щыта **Назарбаев Нурсулътан** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокIу.

◆Урысей оперэнэ уэрэджыIакIуэ, СССР-м и цIыхубэ артистка **Синявская Тамарэ** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокIу.

◆Америкэм щыщ актёр цIэрыIуэ, режиссёр, сценарист, фильм 50-м щIигъум щыджэгуа **Сталлоне Сильвестр** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокIу.

◆США-м и президенту щыта **Буш Джордж-нэхъыщIэм** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокIу.

◆КЪБР-м щыщ спортсмен, СССР-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер, 1980 гъэм Москва щекIуэкIа Олимп джэгуэхэм я чемпион **Рогожин Сергей** къызэралъхурэ илъэс 65-рэ ирокIу.

◆Экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Мысачэ Валерэ** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокIу.

◆Техникэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Сэхъурокъуэ Анатолэ** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 26-рэ, жащым градус 19 - 20 щыхьэнущ.

Бадзэуэгъуэм и 7, *бэрэжьей*

◆Осетие Ищхьэрэ - Аланием егъэлъапIэ Республикэм и махуэр

◆Японием щагъэлъапIэ Лъагунэгъэм и махуэр

◆1687 гъэм Ньютон Исаак къихутащ дунейм зыщIэзышэ къару зэрыхэлъыр.

◆1918 гъэм Советхэм Екатеринодар (иджырей Краснодар) щрагъэкIуэкIа съездым унафэ къыщащтащ Кавказ Ищхьэрэ республикэ къызэрэпэщыным теухуауэ.

◆1920 гъэм Антверпен (Бельгие) щыщIдзащ VII гъэмахуэ Олимп джэгуэмI. Ар къызэIухыным теухуа гуфIэгъуэ дауздапщэхэр щекIуэкIар щыщхэуэрыр и 14-рщ.

◆1923 гъэм Азербайджан СССР-м хыхьэу къызэрагъэпэщащ Нагорнэ Карабах автономнэ областыр.

◆1932 гъэм гъэш промышленностым и щIэныгъэ-къэхутакIуэ институту Ленинград къалэм дэтым къэралым щыяпэу къыщагупсысащ шэр зэрагъэгъуащ, иужькIэ ар зэрахьэж Iэмалыр.

◆1941 гъэм Киев фашистыдзэхэм ящыхьумэным теухуа зауэшхуэм щIидзащ. ФокIадэм и 26 пщIондэ гуащIэу зэпэщIэтауэ, къалэр нэмыцкэм иратри, советыдзэхэр икIуэтын хуей хъуат.

◆1971 гъэм КIыщокъуэ Алим СССР-м и Литературэ фондым и унафэщIу хахащ.

◆Белоруссием и цIыхубэ усакIуэ, зэдзэкIакIуэ, драматург, БССР-мрэ УССР-мрэ щIэныгъэхэмкIэ я академием и академикыу щыта **Купалэ Янкэ** (и цIэ-унэцIэ дыдэр **Луцевич Иванщ**) къызэралъхурэ илъэси 139-рэ ирокIу.

◆Оперэнэ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ, СССР-м и цIыхубэ артистка, Налшык мызэ-мытIэу щыта **Образцовэ Еленэ** къызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокIу.

◆Италием щыщ композитор, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ **Кутуньо Тото** (и цIэ дыдэр Сальваторещ) и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокIу.

◆УсакIуэ, тхакIуэ, Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист **Хъурмэ Хъусен** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокIу.

◆Политик, КЪБР-м и Парламентым и депутат **Iэпщэ Заур** и ныбжьыр илъэс 53-рэ ирокIу.

◆Ямало-Ненецкэ автоном округым и Iэтащхьэу щыта, Урысей Федерацэм щIыэпс хъугъэфIыгъэхэмрэ дыкъэзыухъурейхь дунеймкIэ и министру лэжьа, «Урысей зэкъуэт» партым и Совет Нэхъыщхьэм и секретарым и къуэдзэ **Кобылкин Дмитрий** и ныбжьыр илъэс 50 ирокIу.

◆Урысей биатлонисткэ цIэрыIуэ, Олимп джэгуэхэм я дыщэ медалхэр пIэунейрэ къэзыхьа, дунейпсо чемпионатхэм хэнейрэ щытекIуа **Медведцевэ Ольгэ** и ныбжьыр илъэс 46-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщышынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 25-рэ, жащым градус 18 - 19 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек

Бадзэуэгъуэм и 6, *гъубж*

Лъэпкъ Iуащыгъэ:

Iэрэ жьэрэ зэблэкIыркъым.

Тембот Мухьэмэд Мухьэмэд и къуэр Налшык суд районым и суд участкэ №7-м и зэзыгъэкIуж судыщIэм и къулыкъум гъэувыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм и «и» пунктым, 117-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ, 7-нэ статьяхэм япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. **Тембот Мухьэмэд Мухьэмэд и къуэр** Налшык суд районым и суд участкэ №7-м и зэзыгъэкIуж судыщIэм и къулыкъум илъэсипщI пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2021 гъэм мэкъуауэгъуэм и 29-м
№329-П-П

ХьэщIэлI Славэ Хьэдис и къуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм и аудитор къулыкъур щхьэщыхьым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 38-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм и 6-нэ пунктым ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. **ХьэщIэлI Славэ Хьэдис и къуэм** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм и аудитор къулыкъур щхьэщыхьым.

2. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2021 гъэм мэкъуауэгъуэм и 29-м
№330-П-П

● Уэлбанэрилэ лъэхъэнэ

Зэ еплъыгъуэкIэ гурыIуэгъуейми

Дызэрыщыгъуазэщи, щыблэмрэ уэмрэ дунейм и къэхъуащIэ шынагъуэхэм ящыщ. Щым къыльэIэс уафэхъуэпскIхэм мафIэсхэр къагъэхъу, мэзхэм удыныншхуэ ирадз, энергосистемэ лъащхэм я къарур ягъэкIуэщI.

А КъЭХЪУГЪЭМ и зэран йокI зи щхьэкIэр лъагэ жыгыжьхэм, псым тет кхъухьхэм, уэгум ихьа кхъухьлатэхэм, промышленностым и Iэнатlэкэ щыIэхэм, унэ зэтетхэм, тхыдэм и щIэину къалъытэ чэщанэжьхэм. Щыблэхэм, ди жагъуэ зэрыхъунщи, цIыху псэдзыгъи къашэ. Псалъэм къыдэкIуэу кхъэхдгъэщыщи, США-м и зы илъэсым хуэзэу цIыху 600-м нэблагъэ а къэхъуакъащIэм щокIуэдыкI.

Уафэхъуэпскlыку щIым къыльэIэсым зы напIэзыпIэм идз удыныр икъуакIэ хьэлъэщ икIи шынагъуэщ - вольт мелуани 100-м нэблагъэ и гуащIагъуи. Токыу хэтыр къыззрабж Iэмэпсымэхэри щыIэщи, абыхэмкIэ къахутам я нэхъ «уэрыр» ин дыдэщ - ампер мин 26-м щIегъу. Мыбдежым зи гугъу щытщIыр щыблэр араущи, пъэщагъыу къызэкъуихри киловатт мелардым нос. МафIэсхэр щарилыдзми, унэ зэтетхэр, кхъухьхэр, члисэхэр щыблэм щызэщхьэщиуд, щызэтригъэщащэ куэдрэ кхоху.

КъызэралъытамкIэ, ди планетэм илъэсым, ику иту, уафэгъуагъуэ уэшхыу мелуан 16 хуэдизу къыщоux. Абы къикIыраци, дыщыпсэу ЩIы хъурейм зы дакъикьэм хуэзэу уафэгъуагъуэ уэшхыу 1.800-рэ къыщоux, секунд къэси щыблэр 100-м нэблагъэрэ щызэщIопщIыщIэ. ЩIыпIэ куэдым уафэгъуагъуэ уэшх щыщыIэнкIэ хъунур дунейм и хуабэгъуэ зэманращ. Аущ хы Iуфэ яязыныкъуэхэм щIымахуэхэми уэшх къыщIэкIрилэщ.

Къуршхэми уафэгъуагъуэ уэшхыр щыкуэдщ, уеблэмэ, уафэхъуэпскIхэм я бжыгъэр куэдкIэ щынэхъыбэщ. Зы жэщмахуэм кхурибыдэу, зи гугъу тщIы къэщIыгъэм нэхъ зыкъыщызэщИщIэр щэджагъуэ нэужьырщ. Ди щIыпIэхэм уафэгъуагъуэ уэшхыр зэрыщекIуэкIыр зы сихьэт, нэхъыбэ дыдэу сихьэтиплI нэблагъэкIэщ. Тропик щIыпIэу Африкэм хуэдэхэм сихьэт 13-м нэблагъэкIэ уафэгъуагъуэ уэшхыр щымыувыIи кхоху. Зи гугъу тщIы къэхъугъэм а хэгъэгум зыкъыщызэщIищта иужькIэ, хуабжьагъышхуэ зэрихьэу щIы щхьэфэм ирокIуэ, зы сихьэтым кхурибудэу километр 40-кIэ Iэпхъуэнкр кхъэзэрыридзэ щымыIэу.

Уэшхыльэ пшэ Iувхэр я теплъэкIэ еблагъэщхьынущ Iуащхьэхэм, чэщанэхэм е гъуклэ сыджхэм. Абыхэм я щхьэщыгър кIагъэпшагъэ гъэрым щIихъума хуэдэущ зэрыплъагъур. Я лъащIэр, ар езы къешхькъесхэр къызыхкI пшэ Iыхьэрщ, теплъэ убзыхуэ зимыIэ, фIыщIагъэ Iувщ. Уэшхыльэ пшэ гуэрэнхэм я щхьэкIэхэм километри 8-15 хуэдизкIэ щIым зыкъыщхьэщIалэтыкI, я лъащIэхэм - километр ныкъуэ, щырэ ныкъуэрэ хуэдизкIэщ.

Пшэм хэт псыIагъэм, ткIуанэ жьгъеI щIыIэпсхэм къыщыщIэдзауэ мыл кIанэхэм я дежь щыщIитIыкIыжу, щытыкIэ зэмылIэужьыгъуэхэр къещтэ. Уэшхышхуэ къригъэжьакъэ - зэман кIэщIым къриубыдэу пшэм псыуэ тонн мини 100-м щIигъу къыхэжьанкIэ зэрыхъунум хуэхьэзыру щыт. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, апхуэдиз зи куэдагъ псыIагъэр пшэм щызэтезыIыгъэ къарур икъуакIэ инщ.

ЩIы щхьэфэм къыщежьэу къащIэпщэ жьапщэм къищынэмыщIа, ткIупсэхэмэ мыл кIанэхэмрэ пшэм щызэтезыIыгъэ пъэщагъэ ину къалъытэр пшэ лъащIэмрэ щыгумрэ щызэхэухуэна ткIуэпсэхэр электро и лъэныкъуэкIэ зэрызэщIэзыуздар зэрызэтемыхуэмрэ ихъуреягъкIэ къыщыунэхуа малъхъэдис губгъуэмрэ, зэхэту, къагъэщI къару абрагъуэу уэгум ит пкъыгъуэхэр зэзышалIэрщ.

Къэгъэлъэгъуапхъэщ пшэм щекIуэкI Iуэхугъуэ псори: уэшх кхежэкъым и куэдагъри, уафэхъуэпскIхэм я бжыгъэри, уэ кхехым и хьэлъагъри зэрызэпыщIар, зыр адрейм зэрелъытар. Псалъэм папщIэ, уафэхъуэпскIхэм я бжыгъэм хэхъуэу, уэ кхехэхэм я куэдагъри, я инагъри нэхъыбэ зэрыхъунурэ хьэкъщ.

Зэ еплъыгъуэкIэ гурыIуэгъуейщ псы ткIуэпсэмрэ мыл кIанэ цIыкIухэмрэ фIэкIа зыпкъымылъ пшэм апхуэдизи зи гуащIагъ электричествэ зэрыщыщэкIуэри, километр бжыгъэ зи кIыхьагъэ щыблэшэхэр къызэрызыхиутIыпщыкIри.

Уэ кIанэхэм пшэ кIуэщIым къыщыунэхун щыщIадзэр абы щыщыIэ электричествэм и къарур зы мардэ гуэрым щхьэщдэжа иужькIэщ. Уэр пшэм къызэрыщыхьым и хуабжьагъри абы къыхэбыргъукI электромалъхъэдис къарур зыхуэдэм елъытащ. Уэшхылъэ пшэ Iувхэм я кIуэщIым щызэпхыукI уафэхъуэпскIхэм я бжыгъэр, зы дакъикьэм кхурибыдэу 18 - 20-м нэблэгъамэ, геофизикэ щIэныгъэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, апхуэдизкIэм уэ къаззрыхэкIынум упэплъэ хъунущ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Хьэблэм зеужь

● Шэджэм щIыналъэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэр Шэджэм щIыналъэм щыкIуам ищIа унафэм щIэту, Шэджэм къалэм и «Ипщэ» хьэблэм гъэгущIэхэр щаухуэ.

«КАВКАЗЫМ и псынэхэр» псэуплI комплексым и закъуэ унагъуэ 1000-м нэс щопсэу. Нэгъабэ а щIыпIэм къыщыгъэжьащ сабий 500 зыщIэхуэн школрэ сабий садрэ. Ахэр къыщыщIэуахыну Къэбэрдей, Сыжжкэм я уэрамхэм асфальтыр щIадзауэ тралъхъ, гъэзугубгъуитIым хуащI лъэс зекIуанIэхэр бетон къэухьхэмкIэ къагъэтIылъыхь, мыгувэу уэздыгъэ пкъохэри ягъэувынущ.

Бадзэуэгъуэм и кIэм гъуэнмыгъэ лэжьыгъэхэр зэфIагъэкIынурэ, ихъуреягъым жыгыщIэхэр щыхасэжынущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

«Зыхэдыбгъалъхьи щымыIа лIыгъэ, дыкъыщIэвгъэкIэ зэрамыгугъэу!»

IутIыж Борис.

Налшык дэт Кавказ Ищхъэрэм управленэмкIэ и академиемэ щызэхашэщ адыгэбзэр, адыгэ хабзэр, щэнхабзэр хъумэнымкIэ «Адыгэ дуней» лъэпкъ фондым и лъэтеувэ пшыхьыр. Ар иригъэкIуэкIащ «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэ Табыщ Мурат.

ФОНДЫР къызэрагъэпэщащ философие щIэныгъэхэм я доктор, Кавказ Ищхъэрэм управленэмкIэ и академием и ягъэ прорректор **Хъурей Феликс**, Урыху (Къуэгъуэлъкъуей) дэт курыт еджапIэ №2-м адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкIэ и егъэджакIуэ, педагогикэ щIэныгъэхэм я кандидат **ХьэщIыкIу Рае**, экономист, жылагъуэ лэжьакIуэ **Къып Гупсэ** сымэ. Хасащхьэм хэтхэщ УФ-м и Федеральнэ зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым КБР-м къыбгъэдэкIыу щыIэ сенаторым и дэIепыкъуэгъуэ **Махуэ Владимир**, усакIуэ, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Къаныкъуэ Заринэ**, юрист, жылагъуэ лэжьакIуэ **Аскэр Атилэ**, КъБР-м ЩIы Iуэхухэмрэ мылъкур зегъэзыкIуэнымкIэ и министерствэм и Iэшагъэ зыщIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатэ **Гугъуэтыж Ахьмэд**, Къэбэрдей-Балъкъэр телевиденэм адыгэ нэтынхэр гъэхьэзырынымкIэ и къудамэм и редактор, журналист **Бакъ Мадинэ** сымэ.

- Ди хабзэмрэ бзэмрэ къагъэщI дунейм гъуни нэзи иэкъым. Нобэ апхуэдэ дуней къытхуэзрагъэпэщыжыну, нэгъуэщI мыхъуми абы и зы кIапэ дытрагъэпIьэну, адыгэм гукъэкIкIэ, гукъыдэжкIэ, гулъытэкIэ зыкърагъэщIыхужыну гупыж зыщIа анэдэлъхубзэмрэ лъэпкъ щэнхабзэмрэ хьэмэныкIэ «Адыгэ дуней» лъэпкъ фондым и лъэтеувэр зыгъэуIуэри а тхуримыкъур зы щIыпIэ къыщытпхыхьэжу, ар из тщIыжу иридгъэкъужьи папщIэщ. Нобэрей Iуэхум къекIуэлIа псоми фIыщIэ фхудоиI, сыту жыпIэмэ абы пыщIа дэтхэнэри ди зэхуэдэ пщэрылъщ. Зи Iуэху дэкIыи и ужь итыр къыщIэхъуэ быныращи, хамэ бын, хамэ сабий щыIэкъым - щIэблэр псоми ди зэхуэдэщ. А щIэблэм и дахэмрэ и фIымрэ зыхэлъ Iуэхугъуэ хъуну дыщогугъ «Адыгэ дуней» лъэпкъ фондыр. Дэ лъэпкъ цIыкIыкIэ укъыдэджэну игъуэу къыщIэкIынукъым, ауэ къыддекIуэкI хабзэр, Iуэрыгуатэр, адыгэшIр, адыгэ гупсысэр дуней псом хэIущIыIу щыхьэщи, абы иджы нэхъ щIэщыгъуэу нэгъуэщIынэкIэ хэдгъэпIьэжыну утыку кхитхащ.

- Дунейм дыпъэщIэмыхьэу зехъуэж. Къэлэныш-хуэщ ди нэхъыжьхэм хьэгъуагъэна хабзэ дахэхэр тхъумэжыным теухуа ди пщэрылъыр. Зи чэзу а Iуэхур жэрдэм ищIащ акъылрэ щIэныгъэрэ зыбгъэдэлъ ХьэщIыкIу Рае. Адрейхэр псори абы дридзIэпыкъуэгъуу аращ. Нобэ фыкъыщэрыхьа мы жьэгум куэд илъэгъуащ. Нэхъыбэрэ фыкъакIуэу, мы фондым фыхэту фыIажьэмэ ди гуапэщ. ГъащIэм къызэригъэпъагъуэщи, фондым къиIэта Iуэхугъуэхэр лъэпкъым дэр-дэру зэфIэдмыхмэ, зыми игъэкIуэтэнукъым. Дэ зыдмыкъымэжмэ, апхуэдэ Iуэху къытхуэзэрахуэнукъым. Къэнэхуа фондым лъэпкъым насыпрэ зыужьыныгъэрэ къытхудэкIуэну дыщогугъ, - жиIащ Хъурей Феликс.

Адэкlэ псалъэ зыльъагъэса ХьэщIыкIу Рае къыхигъэщащ Къэбэрдеймк, Шэрджэсми, Адыгеймк ис ди лъэпкъэгъуэхэм я диалектхэр къаныэ зы литературэбзэ диIэ хуэдэу, хамэщI щыпсэу адыгэхэр къекIуэлIэжу зы къэралыпхэу дыхъужыну и нэгу къызэрыщIигъэхьэр, ди щIэблэр щIэныгъэм зэрыхуэмынэхъуеиншэр, щIэныгъэр лъапIэныгъэу зэрыщытым и щапхъэ адэ-анэхэм я бным зэрырамыгъэльъагъур, щIэныгъэ зыбгъэдэлъыр къыззэрыпхуэмыгъэпцIэнур, апхуэдэхэр зэрыщхьэхуитыр, тыншу зэрыдамышэхыфыр, еджапIэ кIуэ я сабийхэм хуэфащэ гулъытэ адэ-анэхэм зэрыхуамыщIыр, абыхэм цIыху къыщIыкIын папщIэ я гъащIэм хэтын зэрыхуейр нэсу зэрызэхамыщIыкIыр, къалэхэм я мызакъуэу, иджыпсту адыгэ къуажэхэм унагъуэхэми, сабий гъэсапIэхэми, курыт еджапIэхэми щIэн жьыи хамэбзэкIэ зэрыщIэзэпсалъэ хъуар лъэпкъым ди тхъэмыщкIагъэхэм зэращыщыр, урысыбзэмрэ инджылызыбзэмрэ ящжи, къэзыльхуам къыIуралъхьа бзэр ягъэ ирагъэщIын, ягъэкIуэтэн, ди Iэмыщ1э илъ лъапIэныгъэхэр тхъумэжын зэрыхуейр, анэдэлъбзэкIэ мыпсалъэ сабийм ди лъэпкъым къытемыхуэ нэгъуэщI гупсысэ зэриIэнур, нобэ быныма ирамыта адыгэ щIэкIэм, гупсысэкIэм, Iурамылъхьа адыгбзэм къыпэкIуэу жьы хъуа цIыху зеинщэхэр здапIыжым адэ-анэр къыщыхутэнкIэ къыззрыхэкIынкIэ зэрыхунур, лъэпкъым Iуэху зэрызэдащIэфыну, зэрызэкъуэувэфыну, хъыбархэр зэрызыльъагъэIэсыфыну «Адыгэ псалъэ» газетым Iэ зэзытрамыдзэр, ар къыззрамыгъэсэбэпыр.

- Лъэпкъхэм тфIэфIщ гушыIэ гуэрхэр зыхэтлъхьэурэ зыр адрейм тIэкIу дыщIэнакIэу дыгушIыну. Чукчэхэм апхуэдэ куэд зэраIэр дощIэ, ауэ адыгэхэр абыхэм дащыдыкъыщхъунукъым. Аэр мащIэщ, ауэ лъэпкъщ. ЮНЕСКО-м кIуэдыжьыну кIигъэльэгъуа лъэпкъхэм чукчэхэр хиубыдэркъым икIи зы щIэныгъэлIми жиIэркъым аэр кIуэдыжьыну, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ я бзэр яIурылъщ, я хабзэр яIыгъыжщ. Дэ кIуэдыжыным дыхабжащ, арщхьэкIэ дыпсалъэмэ, ди тхыдэм дрогушхуэ, лъэпкъыу щыIэм дранэхъыфIу зыгтлъытэжынкIи тIэу деплъынукъым. Дауэ хъуми, кIуэдыжьыным дызэрыхабжар гуащIэмащIагъэ пIэрэ? Мис а гупсысэращ адыгэ фондыр кхъэныр щхьэхэкIар, - къыкиигъащIащ ХьэщIыкIу Рае. - ДиIэщ дыщыIэн, дыпсэун хуейщ, жызыIэ нэгъуэщI зэгухэнныгъэхэри. Тхьэм я мурадыр кхаригъэхъулIэ, дэри, ХьэтIохъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ Адыгэбзэ хасэри дыщыIэщ. АбыхэмкIэ зытхуэхъумэжыфыну щытамэ, ди щхьэ кхирикIуэнум дыззрытегуэзвыхьым хэхъуэурэ дыIэпхъуэнтэкъым. Зэманым и гъусэу докIуэ жытIэурэ, зы щIыпIэ дынэса нэужь, дымыадыгэу дыкъыщIдзыжынкIи зэрыхъунырщ мы фондыр щIызыхэтшам и щхьэусыгъуэр. Ауэ абыкIи гъэзэщхьэкIэкIыркъым, цIыхум я фIэщ ухъун, Iуэхур къыбдаIыгъын хуейщ. Iутlыж Борис ирь лъэIуауэ щытащ: «Зыхэдыбгъалъхьэ щымыIа лIыгъэ, дыкъыщIэвгъэкIэ зэрамыгугъэу!», - жиIэри. Мис абы нобэ и чэзущ. Догугъэ ди гупсысэр зы хъуну, ди щэнхабзэм зыужьыну, ар зыхуэзэфIэкIын, ар адэкIэ зыгъэкIуэтэн щIэблэ къытщIэхъуэну. Аращ дызытелъжьынури. А гугъэшхуэр фондым хэт гупым ди закъуэкIэ тхуэзэфIэкIынукъым. ФыкъыщIедгъэблэгъэр дыздэвгъэлажьэ, дыздэвгъэIэпкIыу. Умыувыlэу укIуэмэ, зы щIыпIэ уносри, дымыувыIэу дыкIуэну дызэгурывгъаIуэ. Къетхъэжьа Iуэхур къыдэхъулIэну, ди сабийхэм адыгэбзэр яIурылтхъэжьыфыну, зыкъэдужьыжьыну, дефIэкIуэну Тхьэм жиIэ.

Къаныкъуэ Заринэ пшIыхьым кхирихьэлIахэм зыубгъуауэ яхутепсэльыхьащ «Адыгэ дуней» лъэпкъ фондыр зэрылажьэнымрэ зыфIихыну Iуэхуэмрэ. Апхуэдизи ди щIэныгъэ зыфIихыну Iуэхуэмрэ. Ар хуэдэу псом япэу мылъкур зытекIуэдэну къиргъэльэгъуаэхэм ящыщщ щэнхабзэр, щIэныгъэр, бзэр, хабзэр хъумэныкIэ абыхэм зегъэужьынымрэ, фондым и управленэм хэтхэм зэгухьэныгъэр къагъэсэбэпу мылъку зэрагъэпэщыни, дэIепыкъуэгъуэхэм къыхалъхьэхэр я щхьэ Iуэхукlэ къагъэсэбэпын мурад зэрымыIэр, управленэм хэтхэри абыкIэ зэрыарэзыр, фондыр лэжьэну зэрыхуитыныкIэ къэралым тхьлъ къызэрыратр, гупльж зыщIыкIэ зэрыщыщ. Хуитыныгъэ диIэщ дыщIыщыIэмрэ дызыхуеймрэ теухуа хъыбархэр дгъэIуну, ди щIыналъэми хамэ къэралхэм щыIэ зэгухьэныгъэхэми запытщIэну, дадэлэжьэну, Iуэху ядэтщIэну, мылъкукIэ защIэдгъэкъуэну, зыдэдгъэIэпыкъуну. Фондыр щыIэнущ, пщэрылъ зыщищIыжажэри игъэзэщIэнущ лъэпкъым къыдиIыгъмэ, и унэтIыныгъэхэр игъэзахуэрэ абы фIыгъуэ кърикIуэну кхильытэрэ мылъкуклэ зыкъыщIигъакъуэмэ. Ар лэжьэфныкъым лъэпкъым зытегъэзвыхьын имыIэу псори зэпэщу дыкъэзгъэуагурыкIуэу къильытэмэ. Апхуэдэу къэралым щызекIуэ хабзэхэм къимытIэс фондым ищIэнукъым. Ахэр къалэн зыщещIыж «Адыгэ дуней» лъэпкъ фондым. Бзэм ехьэлIа Iуэху щыблэжьмэ, кьемыззгъ Iуэху иужь уиту къаззрыщIихьу еплъыкIэ мыхъумыщIэр дызэхыхьэу дгъэкIуэдын хуейщ. Лъэпкъыр дымащIэми, дуней псом дытепхъами ди гур дымыухьжу щIэблэм ягу къыщIиубыдэн едгъэлъагъун хуейщ.

КъБКъУ-м Филологиемкlэ и институтым адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкIэ и кафедрэм и лэжьакIуэ, институтым и унафэщIым и къуэдзэ **ХьэщхъуэжьЗаретэ** фондыр зи жэрдэмхэм, ар гукъэкI зыщIахэм фIыщIэ яхуищIащ, «Адыгэ дуней» фондым и пщэ дилъхьажа къалэнхэр кхехъулIэну зэригупэр кхъихгъэща нэужь, и псалъэм кхъихгъэщхьэхукIащ лъэпкъыбзэр, лъэпкъ гупсысэкIэр, лъэпкъым и дуней лъагъуакIэр, зэхэтыкIэр пхъумэныр, адэкIэ бгъэкIуэтэныр зэрыIыгъыу, зэрыубыдауэ егъэкIуэкIын, дэтхэнэ зыми и щхьэм, и унагъуэм деж ар кхъыщыщIидзэу зэдгъэкIуэтэн хуей Iуэхуу зэрыщытыр, фондым мыхьэнэ иIну зэрыщыгугъыр, лъэпкъ Iуэхур бгъэкIуэтэныр нобэ мытыншми, къэралым ди пщэ кхурилхьэжа а лэжьыгъэр Iэпэдгъэлэл тщIы зэрымыхъунур, псори зэкъуэувэмэ абы зэрыпэлъэщынур.

Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрым и артист икIи режиссёр **КъанкъулИслъам** къытеувыIаш «Адыгэ дуней» лъэпкъ фондым ядэлэжьэн зэрыщIидзэрэ куэд мыщIами, икъукIэ лэжьыгъэшхуэ зэфIахыну зэрыхунэсам, дапщэрэ яхьыхьами и гуапэ дыдэу гукIи псэкIи зэрахэтыр, нэхъыбэрэ сахэтарэт, лэжьыгъэ нэхъыбэ дэсщIащэрэт зэрыжиIэм. Абы щIалэгъуалэр кхыхурджащ нэхъыбэу фондым Iуэхукlэ зыщIагъэкъуэну, лэжьыгъэ щхьэпэхэр дащIэну.

- ЦIыхухэм нэхъри зыкъэгагъэщIхуну гукъыдэж ящIу фондым и лъэтеувэр иджы зэхашами, ар куэд щIауэ мэлажьэ, мыхьэнэ зиIэ IуэхугъуэфI куэди ящIэну хунэсащ. Иджыпсту дунейм и къэхъукъащIахэм, зэхъуэкIыныгъэхэм хэхъуэ, гъащIэр нэхъ псынщIэу кIуэ хъуащ. Аращи хъума хъунури тхуэхъумэнури тщIэркъым. Ахэр къэдгъэнэхуэн хуейщ. Убэлэрыгъ хъунукъым, уэзплъэкIыжмэ лъэпкъыр щымыIэжынкIэ хъунущ. «Адыгэ дуней» фондым лъэпкъыр къыдэщIэрэщIэжыну Тхьэм жиIэ! - къыхигъащIащ суратыщI цIыху **Урыс Руслан** и псалъэм.

Адэкlэ зэхьхьэм къыщIепсэлъахэм къыхагъащIащ кьыхалъхьа фондым игъэззщIэну къигъэлъэгъуа пщэрылъхэр гурэ псэкIэ зэрыдаIыгынур, нобэ хуэдэу дяпэкIи хамэбзэр япэ ирагъэщIэ, илъэс 30-40 дэкIмэ адыгэбзэ зыIурылъ щымыIэжынкIэ зэрышынагъуэр, анэдэлъхубзэр щIэблэм хуахъумэн зэрыхуейр, абы щхьэкIэ аудио тхылъхэр, видеонэтынхэр и тхьэкIумэм имыкIыж адыгэбзэкIэ ирагъэдIэун, анэхэр я бынхэм адыгэбзэкIэ епсэлъэн зэрыхуейр, бзэр лъэпкъым фIэкIуэдмэ, и хабзэри щэнхабзэри зэрыфIэкIуэдыр, кхыысхэкIар ямыщIэжу дунейм кхъэзрытенэнур.

Фондым и лъэтеувэм ирихьэлIэу къагъэхьа хъуэхъу телеграммэхэм кьеджащ. Апхуэдизкъэ Мэзкуу кьалэм зэушнагъэр хъумэныкIэ и кьулыкъущIапIэм и кардиосымаджэщ Iуэхущапlэм и реанимацэ кьудамэм и унафэщI, гууз лIэужьыгъуэхэмкIэ IэщlагъэлI **Щоджэн Заур**, ХьэтIохъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ Адыгэбзэ хасэм и кьудамэу КъШР-м щыIэм и унафэщI **Шэрджэс Расият**, Кавказ лъэпкъхэм я щэнхабзэр хъумэныкIэ Истамбул дэт хасэм и тхьэмадэ **Щоджэн Iумит**, Тыркум и Адыгэ хасэжм я хасащхьэм и Iэтащхьэм кьабгъэдэкIэр.

ЗэлущIэм кьыщыпсэльащ «Черкесский ренессанс» зэгухьэныгъэм и унафэщI **Жылгъащтэ Хьчим**, «Нартиадэ» гупым и тхьэмадэ **Щоджэн Iумит**, Тыркум и Адыгэ хасэжм я хасащхьэм и Iэтащхьэм кьабгъэдэкIэр.

ЗэлущIэм ящIэрагъэжащ «Бзэрабзэ» гупым, абазэ-адыгэ пшынальэхэмкIэ «Бзабзэ» гупым и пшынаур Iэзэ Iэпсэ Дианэ сымэ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Гъуэгу махуэ, «Адыгэ дуней» лъэпкъ фонд!

Дызэрыщыгъуазэщи, щыблэмрэ уэмрэ дунейм и къэхъуащIэ шынагъуэхэм ящыщ. Щым къыльэIэс уафэхъуэпскIхэм мафIэсхэр къагъэхъу, мэзхэм удыныншхуэ ирадз, энергосистемэ лъащхэм я къарур ягъэкIуэщI.

А КъЭХЪУГЪЭМ и зэран йокI зи щхьэкIэр лъагэ жыгыжьхэм, псым тет кхъухьхэм, уэгум ихьа кхъухьлатэхэм, промышленностым и Iэнатlэкэ щыIэхэм, унэ зэтетхэм, тхыдэм и щIэину къалъытэ чэщанэжьхэм. Щыблэхэм, ди жагъуэ зэрыхъунщи, цIыху псэдзыгъи къашэ. Псалъэм къыдэкIуэу кхъэхдгъэщыщи, США-м и зы илъэсым хуэзэу цIыху 600-м нэблагъэ а къэхъуакъащIэм щокIуэдыкI.

Уафэхъуэпскlыку щIым къыльэIэсым зы напIэзыпIэм идз удыныр икъуакIэ хьэлъэщ икIи шынагъуэщ - вольт мелуани 100-м нэблагъэ и гуащIагъуи. Токыу хэтыр къыззрабж Iэмэпсымэхэри щыIэщи, абыхэмкIэ къахутам я нэхъ «уэрыр» ин дыдэщ - ампер мин 26-м щIегъу. Мыбдежым зи гугъу щытщIыр щыблэр араущи, пъэщагъыу къызэкъуихри киловатт мелардым нос. МафIэсхэр щарилыдзми, унэ зэтетхэр, кхъухьхэр, члисэхэр щыблэм щызэщхьэщиуд, щызэтригъэщащэ куэдрэ кхоху.

КъызэралъытамкIэ, ди планетэм илъэсым, ику иту, уафэгъуагъуэ уэшхыу мелуан 16 хуэдизу къыщоux. Абы къикIыраци, дыщыпсэу ЩIы хъурейм зы дакъикьэм хуэзэу уафэгъуагъуэ уэшхыу 1.800-рэ къыщоux, секунд къэси щыблэр 100-м нэблагъэрэ щызэщIопщIыщIэ. ЩIыпIэ куэдым уафэгъуагъуэ уэшх щыщыIэнкIэ хъунур дунейм и хуабэгъуэ зэманращ. Аущ хы Iуфэ яязыныкъуэхэм щIымахуэхэми уэшх къыщIэкIрилэщ.

Къуршхэми уафэгъуагъуэ уэшхыр щыкуэдщ, уеблэмэ, уафэхъуэпскIхэм я бжыгъэр куэдкIэ щынэхъыбэщ. Зы жэщмахуэм кхурибыдэу, зи гугъу тщIы къэщIыгъэм нэхъ зыкъыщызэщИщIэр щэджагъуэ нэужьырщ. Ди щIыпIэхэм уафэгъуагъуэ уэшхыр зэрыщекIуэкIыр зы сихьэт, нэхъыбэ дыдэу сихьэтиплI нэблагъэкIэщ. Тропик щIыпIэу Африкэм хуэдэхэм сихьэт 13-м нэблагъэкIэ уафэгъуагъуэ уэшхыр щымыувыIи кхоху. Зи гугъу тщIы къэхъугъэм а хэгъэгум зыкъыщызэщИщта иужькIэ, хуабжьагъышхуэ зэрихьэу щIы щхьэфэм ирокIуэ, зы сихьэтым кхурибудэу километр 40-кIэ Iэпхъуэнкр кхъэзэрыридзэ щымыIэу.

Уэшхыльэ пшэ Iувхэр я теплъэкIэ еблагъэщхьынущ Iуащхьэхэм, чэщанэхэм е гъуклэ сыджхэм. Абыхэм я щхьэщыгър кIагъэпшагъэ гъэрым щIихъума хуэдэущ зэрыплъагъур. Я лъащIэр, ар езы къешхькъесхэр къызыхкI пшэ Iыхьэрщ, теплъэ убзыхуэ зимыIэ, фIыщIагъэ Iувщ. Уэшхыльэ пшэ гуэрэнхэм я щхьэкIэхэм километри 8-15 хуэдизкIэ щIым зыкъыщхьэщIалэтыкI, я лъащIэхэм - километр ныкъуэ, щырэ ныкъуэрэ хуэдизкIэщ.

Пшэм хэт псыIагъэм, ткIуанэ жьгъеI щIыIэпсхэм къыщыщIэдзауэ мыл кIанэхэм я дежь щыщIитIыкIыжу, щытыкIэ зэмылIэужьыгъуэхэр къещтэ. Уэшхышхуэ къригъэжьакъэ - зэман кIэщIым къриубыдэу пшэм псыуэ тонн мини 100-м щIигъу къыхэжьанкIэ зэрыхъунум хуэхьэзыру щыт. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, апхуэдиз зи куэдагъ псыIагъэр пшэм щызэтезыIыгъэ къарур икъуакIэ инщ.

ЩIы щхьэфэм къыщежьэу къащIэпщэ жьапщэм къищынэмыщIа, ткIупсэхэмэ мыл кIанэхэмрэ пшэм щызэтезыIыгъэ пъэщагъэ ину къалъытэр пшэ лъащIэмрэ щыгумрэ щызэхэухуэна ткIуэпсэхэр электро и лъэныкъуэкIэ зэрызэщIэзыуздар зэрызэтемыхуэмрэ ихъуреягъкIэ къыщыунэхуа малъхъэдис губгъуэмрэ, зэхэту, къагъэщI къару абрагъуэу уэгум ит пкъыгъуэхэр зэзышалIэрщ.

Къэгъэлъэгъуапхъэщ пшэм щекIуэкI Iуэхугъуэ псори: уэшх кхежэкъым и куэдагъри, уафэхъуэпскIхэм я бжыгъэри, уэ кхехым и хьэлъагъри зэрызэпыщIар, зыр адрейм зэрелъытар. Псалъэм папщIэ, уафэхъуэпскIхэм я бжыгъэм хэхъуэу, уэ кхехэхэм я куэдагъри, я инагъри нэхъыбэ зэрыхъунурэ хьэкъщ.

Зэ еплъыгъуэкIэ гурыIуэгъуейщ псы ткIуэпсэмрэ мыл кIанэ цIыкIухэмрэ фIэкIа зыпкъымылъ пшэм апхуэдизи зи гуащIагъ электричествэ зэрыщыщэкIуэри, километр бжыгъэ зи кIыхьагъэ щыблэшэхэр къызэрызыхиутIыпщыкIри.

Уэ кIанэхэм пшэ кIуэщIым къыщыунэхун щыщIадзэр абы щыщыIэ электричествэм и къарур зы мардэ гуэрым щхьэщдэжа иужькIэщ. Уэр пшэм къызэрыщыхьым и хуабжьагъри абы къыхэбыргъукI электромалъхъэдис къарур зыхуэдэм елъытащ. Уэшхылъэ пшэ Iувхэм я кIуэщIым щызэпхыукI уафэхъуэпскIхэм я бжыгъэр, зы дакъикьэм кхурибыдэу

Театрым, кином, жылагъуэм лъэужь дахэ къыщызыгъэна

Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Абхъаз республикэхэм гъэздвжэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ Фырэ Руслан Борис и къуэр Совет районым хыхьэ Зэрэгъыж къуажэм 1951 гъэм мэкъуаугъуэм и 24-м къыщалъхуащ.

НАЛШЫК къалэ дэт курыт еджапIэ №11-р къиухащ. Курыт еджапIэм щыщIэсыж езыр-езыру теплъэгъуэхэр къызэригъэпэщу, гушыIэ гуэрхэр утыку щигъэлъагъуэу щытащ. Руслан школыр кушыухэм щэнхабзэ Iэухум хыхьэну иджыри тегушхуэрэткъым. ЩоджэнцыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щылажьащ. УФ-м щIыхь зиIэ и артист гъэзэджэ Сонэ Мухьэрбий. А артистышхуэр Руслан и анэ дзэлхути и унагъуэм куэдрэ кIуэрт. Мухьэрбийрэ и щхьэгъусэ Сыбзэ Быхуэрэ куэдрэ унэм щылажьэрт, репетицэ щащIырт. Руслан и адэ-анэр и гъусэу пщэфIапIэмкIэ е нэгъуэщI пэшкIэ зэран яхуэмыхьуу хуэму псалъэу щIэст, я лэжьыгъэм апхуэдизкIэ пщIэ хуащIи. ИтIанэ, театрым щагъэлъагъуэ зы спектакли бламыгъэкIыу кIуэурэ еплъащ. Ахэращ щапхъэ, гъуэгугъэлъагъуэ хуэхъуар, театр гъуэзджэм дезыгъэхьэхар.

Москва зэгуэрым яшауэ щыта Гоголь Николай и «Ревизор» пьесэм къытращыкIа спектаклым Сонэ Мухьэрбий щигъэзэщIа Городничэм и ролым хуэдэ иджыри урыс сценэм илъэгъуакъым жаIэу «Правда» газетым щытхъушхуэ къытрагъэдзауэ щытащ. 1970 гъэм зэпеуэ кьызэIухакащ Москва Щукиным и цIэр зезыхьэ Театр институтым щIэтIысхьэнухэр къыщыхахыу. Быхуэ зэпымыууэ къыдзэрыдзлэжьам къыхэкIыу и насып текIуэри, Руслан а студием хэхуащ. Москва Щукиным и цIэр зезыхьэ Театр институтым драмэмрэ киномрэ я актёр (1975 гъэ), драмэмкIэ режиссёр (1978 гъэ) и факультетхэр кIыухащ. Франджы тхакIуэ, драматург Бермо Мишель и «Бжэхэр мэлэуэлъауэ» тхыгъэм къытрицIыкIа спектаклыр диплом лъэужьыгъуэ Москва урысибзэкIэ щигъэващ.

Фырэм куэдым ягу кьинэжа, мыхьэнэшхуэ зиIэ ролхэр фильм зыбжанэм щигъэзэщIащ, спектакль куэди игъэуващ. Актёр лэжьыгъэм и гугъу пщIымэ, псом нэхъ ягу кьинэжаэм яцIыпщ КIыщокъуэ Алим и «Вершины не спят» фильмым щигъэзэщIа Къатхъэн Назир и ролыр. Апхуэдэщ ягъэ дыдэу траха «Оглянись, найдёшь друзей» фильмым щIа ролри. Режиссёр лэжьыгъэхэм я гугъу пщIымэ, къыхэгъэщыпхъэщ ЩоджэнцыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым Молдавием щыщ драматург Друце Ион и «Святая святых» пьесэм къытрищIыкIыу и закъуэу игъэува спектаклым, нэгъуэщIхэри.

«Оглянись, найдёшь друзей» (1975 гъэ), «По следам Карабаира» (1979), «Кольцо старого шейха» (1980 гъэ), «Вершины не спят» (1987 гъэ), «Когда отзовётся эхо» (1988 гъэ) фильмхэм роль нэхъыщхьэхэр щигъэзэщIащ. Апхуэдэу куэдым ягу кьинэжащ «Лакумы по-чеГемски» (1977 гъэ), «Загадка кубачинского браслета» (1982 гъэ), «Черкес» фильмхэм зэрыщыдджэгуар.

Щукиным и цIэр зезыхьэ Театр институтым и лэжьакIуэхэм псэуху пыщIэныгъэ яхуиIэу, пщIэ, зэрыльытэ я зэхуаку дэлъу, фIыуэ зэрыльаргъуу къекIуэкIащ. Фырэ Руслан и лэжьыкIэ еджакIуэ игъэкIуауэ щыта адыгэ студие цIыкIур ди къуажэм къекIуэлIэжауэ мэлажьэ. Сыт хуэдэ Iэнатlэ Iутми, еджакIуэ игъэкIуа щIалэгъуалэм я дуней тетыкIэм щыгъуаззу, я кьэкIуэнур зэрыхъунум егупсысу апхуэдэт. Аэр я хъэпсапIэхэм, я мурадхэм лъэIэсныр и хъуэпсапIэт.

1998 гъэм Фырэм юрист Iэщlагъэр зригъэгъэтащ. Илъэс зэмылIэужьыгъуэхэм кьулыкъу куэдым пэрытащ. Гроэнэ кьалэм Лермонтовым и цIэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрым и режиссёру, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал драмэ театрым и актёру, Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и режиссёру, режиссёр нэхъыщхьэу, Гъуэджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым и егъэджакIуэу, «Урысей 1» къэрал телерадиокомпаниием и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщIу, КъБАССР-м и Министрхэм я советым и Унафэщым и къудэзэу, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къудэзэу, КъБР-м Щэнхабзэмкlэ, Щlалэгъуалэ Iэухуэмкlэ, физкультурэмрэ спортымкlэ, Курортхэмрэ туризмымкlэ, Щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ коммуникацIэхэмкIэ я министру, КъБР-м и Парламентым и депутату, республикэм и Парламентым Щэнхабзэмкlэ, спортымкlэ, туризмымрэ хъыбарегъащIэ Iэухуэщlалэхэмкlэ и комитетым и унафэщIу, КъБР-м и Iэтащхьэм и хъэсэгъуэ щIэрыIуэр ди лъэпкым къызэрыкIар нэхъыбэм кьаригъэщIэныр и хъуэпсапIэ иужьрейуэ зи ужь ихьа «Черкесская Жизель» спектаклыр.

Ди театрым, республикэм имызакъуэу, Кавказ Ищхъэрэ псор къапщтэмэ, Гъуэзджэмкlэ хэщIыныгъэшхуэщ Фырэ Руслан къызэрытхэмытыжыр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и театрхэм фIэкIыжауэ, гъунэгъу республикэхэм нэсыурэ спектаклхэр щигъэувырт, и лэжьыгъэфIэмкlэ лъэужь дахэхэр къыщигъанэу.

ЯПЭ дыдэу Абхъазым дызышари Руслант, зэкъуэш республикэхэм я театрхэр зэкlэлъыкIуэу, зэрыщIэу, артистхэр дыздэлажьэу дызэпсэуэн хуейуэ къыплъытэри. Апхуэдэу мазэ псокlэ Абхъазым дызэрыщыIар гукъинэж тщыхъуащ, ди гупым и ныкъуэр Сыхъум къалэм, адрейхэр къуажэхэм щылажьэу. Абы дикIри, Лохвицкэм и «Уафэгъуагъуэ макъ» спектаклыр Шапсыгъым щыдгъэлъэгъуащ. Апхуэдэ гукъинэж дахэ куэд дригъэлъэгъуащ. Зэпымыууэ щIэ гуэрхэр къыптхуэIуихыр.

ЦIыхум и зэфIэкIыр къызэрыплъэтэнэр къыщIэна и лэжьыгъэхрщ. Руслан лъэпкъыр фIыуэ илъагъурт. Адыгэр зэрыгушхуэ цIыхухэм гулъытэ яхуищIырт. Апхуэдэщ дзщ балеринэ цIэрыIуэ, тхакIуэ, скульптор, актрисэ, адыгэ лъэпкъым къыхэкIа бзылъхугъэ дахэ Щамырзэ Моника (Черинэ Людмила) и гущIэмрэ и лэжьыгъэмрэ зыхуэдар сценэм къыщигъэлъэгъуэжыныр, а бзылъхугъэ цIэрыIуэр ди лъэпкым къызэрыкIар нэхъыбэм кьаригъэщIэныр и хъуэпсапIэ иужьрейуэ зи ужь ихьа «Черкесская Жизель» спектаклыр.

Дыхуэныкъуэщ хуабжьу

Москва комиссэ къыщикIами а лэжьыгъэр ягу дыхьауэ къыщIыхьуащ икIи Моникэ зэрыадыгэр спектаклым щеплъам къызэращIар куэд и уасэщ!

Къищынэмыщlауэ, 115-нэ шуудзэм хэта, зи псэ емыблэжу танкхэм пэщIэувэру хэкIуэда адыгэ щIалэхэр гулъытэнэш зэрыхъуар Фырэ Руслан хуабжьу игу кьеуэрт икIи ар сценэм кьрихьэну, псом хуэмыдзу щIалэгъуалэм яригъэлъагъуну щIэхъуэпсырт. А лэжьыгъэри мыгувэу мы гъэм утыку кьитхьэнущ.

И щIалэгъуэи жаныгъэм щыгъуэ зэпымыууэ щIэ гуэрхэр къиргупсысырт. Апхуэдэу КIуэкIэ Валерэ зыхуиГъэзэуэ щыташ Тыркум, Сирием, Иорданием шууей гуп иригъэжьэну. Зы Iэху къыхимыгъэкIыу къыхихьхьам арэзы техъуэри зи пашэ шу гуп зэхуишэсщ, Налшык къыщыщIидзэри Тыркум, абы икIри Сириемрэ Иорданиемрэ кIуац. Абы щыгъуэ зэпача гъуэгуанэ кIыхьым гукъинэж хуэщIа щалъэгъуащ. Дэ дызрикIуар адыгэхэр нэхъыбэу щыпсэу кьалэхэмрэ кьуажэхэмрэщ. Щlалэхэм шыхэр цIуужу кьабзэу иригъэзэпскIыр, адыгэ фащэр езыхэм щригъэтIагъэрти, бащlпыкьыр дригъэлъэхъэжырт, республикэм и бэракьымрэ адыгэ ныпымрэ яIыгъуу, я налхэм «сыкъ-сыкъ» жаIэу Iэуэлъауэ асфальтым прикIуэрт. ЛъэныкъуитIымкIи евэзкIауэ щыту цIыху гуп кьаIущIащ. А Iэхуэр зэфIэбгъэхкIынри лIыгъэщ.

Илъэс куэд хъуауэ, Москва кьащикIыжа 1975 гъэм щыщIэдзауэ, сщIыкурт Руслан. А зэман кIыхьым къриубыдау мыхъумыщIагъи емыкIуи дэслъэгъуакъым. И адэ-анэм икъуэкIэ хуэгумащIэу, пщIэшхуэ яхуищIу, я гъащIэр зэращIэгъэпсынщIэным, зэращигъэтынышным телэжьащ.

Театрым щигъэува спектаклхэр къызэщIэпкъуэжмэ, абыхэм я зэхуэдитIым сыщыджэгуну къызэрыхуихуамкIэ зэпымыууэ фIыщIэхуэощ. Руслан и спектаклхэр цIыкIуэм ягу дихьэрт, фIыщIэ кьытхуащIу, Iэгуаугъэшхуэкэр тхуаIэту апхуэдэт.

И бынитIым щIэнигъэ нэхъыщхьэрэ Iэщlагъэрэ яIэу, ахэр унагъуэ зэрыхъужам щыгуфIыкIырт. Иужьым къуэрылъху цIыкIу къащIыхэхъуам хуабжьу щыгуфIыкIащ, зэпымыууэ гулъытэ зэрыхуищIым и гугъу ищIырт, гукъыдэж кьиртырт.

И лэжьыгъэм ехъулIэныгъэ зэрыщIэм имызакъуэу, и хьэлщэным и гугъу пщIымэ щIыхуэгъэ, лIыгъэ, гушыIэ хэлъу, гуапагъэ дэплъагъуу щытащ Руслан. Удэлэжьну тыншт. ЦIыхубзхэм ди щхьэц е сэхуэсэплъ нэгъуэщ гу лъитэрт икIи игу иримыхьлмэ ибэщIыщIэтэкIым. Ныбжьэгъу куэд иIэт. Дэтхэнэми бГэдыхьэпIэ хъыжьыгъуэтыфырт. И макъым зримыгъэIэту, и лэжьэгъуэм пщIэ кьытхуищIу апхуэдэт. Гуплъ ди бын е абыхэм я быныж щIыпIэгъуамэ IэмалимыIэу бГэдыхьэрти игъэгуфIэрт. Си пхъур иджыри илъэси 10 иримыкIыу щыхуэзам, къыщалъхуа махуэр къызэрыблагъэр жриIати къигъэгугъат къэкIуэну. Iущщхэмахуэ лъапэ лэжьыгъэ Iэхуэкъуэ щыIа пэтрэ, къызэрригъэгъар щымыгъупщэу, сабийм саугъэтхэр къыхуихьу зэрригъэгуфIар дигу кьинэжащ.

Руслан и лэжьэгъуэхэм щIэхщIэхыу дигу кьидогъэкIыж. ФIыуэ щыIэр Тхъэм хъуахуищIа, дэ дызэрыхуэарэзым хуэдэу Алыхьыр арэзы хьухъуэ!

ЖЬАКIЭМЫХЪУ КIынэ,
УФ-мрэ КъБР-мрэ щIыхь зиIэ я артисткэ,республикэм и цIыхубз артисткэ.

Зыдужьыну Iэмал къыдитырт

Егъэлеиныгъэ хэмылъу жысIэнщи, Фырэ Руслан хуэдэ цIыхуэр, унафэщIхэр зырыльхэщ. Си щхьэкIэ абы хуэдэ нэхъапэкIэ срихьэлIауэ къысхуэщIэжыркъым. Ар щIэныгъэ куу зиIэ, хьэл-щэн дахэ зыхэлъ цIыху гуапэт, гъэсат. АпхуэдизкIэ фIагъ куэд хэлъти, псори зэуэ къызэщIэпкъуэну гугъущ. Хьэл мыхъумыщIэ, фыгъуэ дэплъагъуртэкъым, зым и жагъуи хуэщIыртэкъым. Нэхъыщхьэращи, лэжьакIуэхэм зыдужьыну Iэмал къыдитырт. Журналист, оператор, техникэ лэжьакIуэ ирехъуи лъэIукIэ, чэнджэщкIэ зыщыхуэдгъазэкIэ, Iэмал къыгъэтурэ къыддэIэпыкъурт.

ГТРК-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщIу къызэрыкIуэ махуэ къэ жыхуаIэм хуэдэу зэхъуэкIыныгъэфIэр диIэ хъуат. Ипэраугъэ, махуэ щIагъуэ дэмыкIыу федеральнэ телеканалхэм запыдигъащIэурэ щыхуэ гъэщIэгъуэнхэм, кхъэхукъащIэхэм ятеуха ди сюжетхэр яхудигъэгъэлагъэрт. Журналистхэр зэи Iэхуэнщэ дыхъуртэкъым, ауэ ди зэфIэкI деплъыжкIыну дыкъыхуурыщIиджэну, десжаягъ тщIэ Iэхуэхэм дыкъыпэрыкIыу езыр-езыру утыку дыщикьэр, Iэхуэщlэхэм дыщытегушхуэр зэззэмызэт. Абы и лэжьыкъэкIэ Руслан зэпымыууэ ди фIэщ ищIырт ди пIэм диуджыхькIэ зэманым зэрызыдедмыгъэкIуфыныр, зэрызыдмыкъынур.

Руслан сызэрыдзлэжьа илъэсыр къащIэжмэ, гу лъыстащ зэпеуэхэм дыхэтыну дыкъыпэзэрыхуриджэм и фIыгъэкIэ, ди Iэхуэщlапlэм и лэжьакIуэхэр урысейпсо зэхьэзэхуэхэмрэ фестивалхэмрэ мызэ-мытIэу пашэ зэрыщыкъуам. Ар, дауи, ёхьулIэныгъэфIт. Эфирым кIуэ ди нэтынхэм, сюжетхэм зэпымыууэ еплъырт, ехьэкI-нехьэкI хэмылъу ди ныкъуэсаныгъэхэр дригъэлъагъужырт, и чэнджэщхэр къыдихьэлIэрт. Нэтын зыгъэхьэзыр дэтхэнэми Iэмал имыIэу абы Руслан зэреплъынур тщIэрти къыгтIысыс жуаулIныныгъэ зыхэтщIэу ди лэжьыгъэр зыщIедмыгъэхьу дгъэзащIэрт. Федеральнэ телеканалхэм я деж егъэхьин хуейуэ къыпытыгъ лэжьыгъэхэр занщIэу къыдджиIэрт икIи щыщыкуэ къэхъуртэкъым. Къыхих ди лэжьыгъэхэр гулъытэнщэ ящIырт къыщIэкIи, Iэмал имыIэу увыпIэ гуэр къытхуагъэфащэрт.

Фырэ Руслан и фIыгъэкIэ, эфирым кIуэ ди хъыбарыщIэхэмрэ нэтынхэмрэ телевизорым къыдэкIуэу Интернетымкlи щIыхуэгр еплъыну Iэмал яIэ хъуащ. Дыщlэгъэзэн щхьэусыгъуэ димыIэу, дигу зыкIи къыхэмыщтыкIыу лэжьапIэм дыкIуэрт.

Ди Iуэхущlапlэм и Iуплъапlэри абы и Iэгъуэблагъэри къигъэщIэрэщlажат. Ильэс зыбжанэ хъуауэ къэдмыгъэсбэзи бассейныр иригъэтхъуэжри удз гъэгъахэр щригъэгъэтIысат. Къищынэмыщlауэ, радиомрэ телевиденэмрэ я лэжьакIуэу Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм я фэеплъ игъуэват. Гъэ къэс накъыгъэм и 9-м абдежым дыщыщхъуэсурэ удз гъэгъахэр тыдолъхьэ. Ди япэ итахъм я фэеплъыр зэрыщыщдмигъэгъупщэми мыхьэнэшхуэ иIэщ.

Апхуэдизкъуэ Руслан къызэдгурыхыр сфIэгъэщIэгъэнт. Ди телевиденэм и лэжьыгъэм къыдэкIуэу зыхилъхьэ щымыIэ театрым папщIи сыт щыгъуи зэман къигъуэтт. Актёрхэм пщIэншэу ядэлажьэрт, режиссёрхэм ядэIэпыкъуэрт, спектаклхэр игъэувырт. И лэжьыгъэр япэу игъэлъэгъуэным зы тхьэмахуэ иджыри иIэжу премьерэр зэрекIуэкIынум иригъэвэзу щIидзэрт. Театрым къыдэкIуэу сурэтыщI гъэзэджэр, шыхэр зыхилъхьэ щымыIэу фIыуэ илъагъурт.

ЗэфIэкI зиIэ цIыхум унэтIынигъэ зыбжанэм зэфIэкI щIиIэу яIуатэ. Гуапэу дигу кьинэжащ куэдым хэзыщIыкI чэнджэщ набдзэгубдзаплъэ кьызэрытщхьэщытар.

МАГОМЕДОВЭ ФатIимэ,
тележурналист.

Сценэм зыщигъэнщIыртэкъым

Русланрэ сэрэ дызэрызэрыцIыхурэ илъэс щэ ныкъуэм щIигъащ. Щукиным и цIэр зезыхьэ Театр институтым дыщызыздеджащ, къздгъэзэжа нэужьи дыздэлажьащ. Зы унагъуэм хуэдэуи дыкъызыдекIащ.

МОСКВА дыщыщеджами, теплъэгъуэхэр щыдгъэувкIэ сыт щыгъуи ди япэ ито къытхэтт Руслан. Абы щищIа Фермо Мишель и «Двери хлопают» режиссёр лэжьыгъэр щагъэлъагъэнум Москва дэс театреплъхэр щIэупщIэу апхуэдэт. Къэдгъэзэжа нэужьи ди театрым и репертуарым зыкъомрэ хэтащ а спектаклыр.

Руслан министерствэ, телевиденэ жылIэми, дэнэ Iэнатlэ щыпсэжьами театрыр зэи ибгьикъым. Махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу къытхьихьну, спектаклхэр игъэувыну, къыддэлэжьэну зэман къигъуэтырт. Театрым къызэригъэззэкри нэхъ лъагэу зригъэIэтат, театреплъхэр къришэлIэжат. Иужь дыдэу игъэува «Унэ лъапIэ», «Хьэжьэлужьэ» и лэжьыгъэхэми гупсысэ куу ящIэлъщ, гукъинэжщ, гушыIэри драмэри хэухуэнащ. Зэпымыууэ лэжьэну пIащIэрт, зигъэпсэхуну щетIуэкIкIи сценэм зэрызыщимыгъэнщIыр зыхэтщIэрт. И псэм ищIэу къыщIэкIынт гъащIэр къызэрыгъэщIэухэр, лъэужь къигъэнэн зэрыхуейр. Арат зэкIэлъигъэлIащIэу и спектаклхэр утыку къызэрырихьэным щIыхуущIэкъур.

Театрым нэмыщI институтми илъэс щIыбанэкIэ щригъэджащ Руслан. И нэIэм щIэта щIалэгъуалэм ящыщхэр артист пажэу ди театрым щолажьэ. Сыт щигъуи институтым комиссэм и унафэщIу кьедгъэблагъэрт, къыщIэдгъэкI студентхэм я лэжьыгъэхэми еплъырт.

Руслан гушыIэ дахэ хэлъу, гъащIэм щыгуфIыкIыу, псалъэ гуапэ къыджриIэу зэрыщытам хуэдэу гуфIэу-гушхуэу дигу кьинэжащ. Нобэ къызэрытхэмытыжыр дзтхэнэми жагъуэ тщохьу. Театрым дыщыщыIэм, дыщылажьэм дежи къигъэззэкыным хуэдэу дыпоплъэ. Зыным къыщIыхьну е сценэм къихьэну къытщохъу. Руслан къытхэмытыжми, и псэр нобэ тщIыгъущ, гукIи псэкIи фIыуэ илъагъуу щыта театрым и фэеплъыр къыщигъэнащ. Дыпсэуху къуэдрэ тщIыгъунущ, тщIыгъупщэнукъым.

БАЛЪКЪЭР Тамарэ,
КъБР-м гъуэзджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Гъуэзджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым актёр Iэзагъэм хуэгъэсэнымкIэ и кафедрэм и унафэщI.

Къызэрытхэмытыжыр зыхьдощIэ

1993 гъэм дызэрыщIыхуащ Русланрэ сэрэ. Балигъ гъащIэм сыщыхьхьам щыщIэдзауэ дызэрыщIэу, дызэрыгъэныбжьэгъуу дыкъыздекIуэкIащ. Абы къриубыдэу лэжьыгъэ къудейкIэ мыхъуу и цIыхугъэкIэ, и дуней тетыкIэкIэ, и цIыху хэтыкIэкIэ, и хабзэ зехьэкIэкIэ фIыгъуэ куэд дэслъэгъащ.

ЛЭЖЬЫГЪЭ Iэзхуэкlэ къапщтэмэ, театр гъуэзджэм и щэху куэдым щыгъуэзэт Руслан. Артистхэр спектаклым зэрыщыбгъэджэгуар къэхуIуащ театреплъхэр Iэгуауэ щыпхуеуэкIэ, зы хъугъэфIыгъуэ гуэр псэм къыщыгъэзушмэ, Фырэ Руслан репетицэ къудейхэм гукъыдэж къратырт. Лэжьыгъэ и лъэныкъуэкIэ спектаклым къыщыплъыса образым, ролым теухуауэ умыщIэ гуэр хэтми, уэ езым гу лъымытэжу езыр-езыру ухуэкIуам хуэдэу хуэмурэ уришалIэрт.

Спектаклыр зыгъэувахэм ар я сабий пэлъытэу ябж. Абы и щхьэусыгъуэми щэху гуэр хэлъщ. ЦIыкIум и гъэ уоубыдри ялъэкIыжу ибоIэн, зекIуэкIэ зригъэсэхукIэ Iэпэкlэ къыбошэкI. Апхуэдизкlэ уи образым ухуэфащэу Руслан ухуигъэхьэзырти, абы укъыхуигъэщIам хуэдэу убгъэдишэрт. Аращ ар гукъинэж пщIымыхъункIэ Iэмал щIмыIэри.

Сэ Руслан игъэува спектаклъ зыбжанэм сыхэтащ. Ялэ дыдэу сыщыджэгуар «Уафэгъуагъуэ макъ» спектаклырщ. Абы къыкIэлъыкIуащ «Бгъэмрэ бгъэ анэмрэ», «Уэшх эыщэр», «Унэ лъапIэ», нэгъуэщI лэжьыгъэхэр. Жанркlэ зэмыкIуалIэ а пьесэхэр зы цIыхум щхьэ игъэува хъуа жыпIамэ, гу лъыптэрт театр гъуэзджэр хьэбгъэсэбэлу лъэпкъ гупсысэм и лъагапIэм зебгъэужьыным и щэхуэмрэ бгъэдыхьэкIэхэмрэ зэрыщыгъаззм. Руслан телажьащ дэ тхуэдэ лъэпкъ мащIэм илъэс мин бжыгъэхэр къызэрытпсэуар, мы дуней зэрыхьэрийм тхыдэшхуэ къызэрыщыгъэдэнкIар, лъэпкъым къыхэкIахэм дуней тетыкIэ дахэ яIэрэ адыгэ дуней куэдейм мыхъуу, дуней псом къызэрыщыщIыхуар утыку къызэрырихьэным. Апхуэдэщ «Черкесская Жизель», «Уафэгъуагъуэ макъ» спектаклхэр, Къэшэж Иннэ теухуа литературэ-макъамэ композицэр. Адыгэу дунейм тетым я щхьэ хъункIуа щIэпхъаджагъэр, зыпхыкIа зауэ мыхъумыщIэхэр, лъэпкъым апхуэдиз лей къезыхам теухуауэ тхыдэр зи лъабжьэ лэжьыгъэ Фырэ Руслан фIэкIа зезыпщытыфа щыIэкъым. Аращи, и гупсысэр жыжьэ нэст, лъагэ дыдэу Iэта гупсысэ зэриIам и нэщэнэу икIи къызэхэлъа лъэпкъэр мы дуней псом къащIыхуным и псэ емыблэжу телэжьащ. Зэманыр зэи къэувыIащэ. Быдэу си щIэныгъэ хъу адыгэ тхыдэм имызакъуэу къэралым и тхыдэм Фырэ Руслан и гущIэм къызэрыхэнэнур. Абы щхьэусыгъуэ куэд иIэщ.

И гупсысэм къыдэкIуэу и хабзэ зехьэкIэр щыплъагъуэкIэ умыгъэщIэгъэн плъэкIыртэкъым Руслан. Зэпымыууэ кьулыкъу зэмылIэужьыгъуэхэр зыIыгъа цIыхум адыгэ хабзэ зэрихьану, ар Iэпэдэгъэлэл имыщIыну апхуэдэ хуэщIыхьэгъуэ дэнэ кьриха яхьпIэнкIи мэхъу, ауэ и лэжьыгъэмрэ и пщэ дэлъ къалэныжрэ нэхъ Iэпэдэгъэлэл имыщIу, уеблэмэ, нэмысыр япэ иригъащIу кьыпщIыхьу нэхъ хуэсакът, сыту жыпIэмэ цIыхур нэхъ лъагэу дэкIуеиухкIэ ар нэхъыбэм щапхъэ яхуохъури. Кьыбдалъагъур нэхъыбэ щыхьэкIэ, лъэпкъыр лъэпкъыу къэзыхъумэ бзэмрэ хабзэмрэ хуэсакъыным и зэманым емыблэжу гулъытэ хуищIырт.

Жьыми щIэми зэрагурыуэну бзэрэ бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэрэ кьахуигъэтыфырт Руслан. Ущытригъэгушхуэнури, уи акъылым зыщригъэIэпсэхуну, псы Iубыгъэ къущитынури ищIэрт. КIэщIу жьыIэмэ, и щIэныгъэр зыбгъэдэлъыжьэн папщIэ уегупсысыну зэман кьуитырт икIи абы щыщIэупщIэжыну пIалъэри ищIэрт. ПщIа псори кьызэщIикъуэжу, бжьэпэтехуэ трищIэжу апхуэдэ тегушхуэныгъэрэ лIыгъэрэ зыхэлъ цIыхут. Псалъэ пэж, Iущ кьыщыбжьIэнури ищIэрт. ГъащIэм и Iэныкъуэ куэдкIэ апхуэдэу гуимыхуэ куэд дэплъагъурт.

Нэхъапэхэм нэхъ хущIэмыхьэну, правительствэ, министерствэ Iэхуэхэм нэхъ пыщIаяу къекIуэкIыурэ, иужьым театрым къыщигъэзэжам спектакль куэд игъэувыну зэрыхуэнэмысым къыхэкIыу, роль зыбжанэ къыптлъымысми, зэпымыууэ лэжьыгъэм и гур етауэ, театрым и лэжьакIуэ дэтхэнэми зы театр лъэхъэнэм лэжьыгъэщIэ зэрыз псоми къытхуигъэуртэт. Хэт хущIыхьэгъуэ нэхъ иIэщ, хэт ролыр нэхъ къохъулIэ. Аращи, аэри зыхуэбгъэхъуфын, зыпэплъытыфын хуейт псори гупыр зы унагъуэм хуэдэу я къалэныр ятегушауэ зэдэлэжьэфын папщIэ. Дэтхэнэ зыми и зэфIэкIыр утыку кьирихьэфу щыIэн зэрыхуейри Iэпэдэгъэлэл ищIыртэкъым. Къэбгъэльагъуэмэ, Къэрмокъуэ Мухьэмэд и «Лъагъуныгъэм и хьэтыркIэ» пьесэм къытрищIыкIа спектаклым и уэрэд дахэм макъамэ щабэ щIэту утыку кьирихьащ, абы хэт хъыджэбзыр щыкIуэм Iупхъуэр Iуах хуэдэу (езыр-езыру зэлъыIукI пэтми). Акъылкlэ зэригъэзахуэ мыхъуу, цIыхум и гум, и псэм зыхищIэ Iэхуэгъуэ щыкIуэр зэгъэпэщащ, псэкIэ зэрызэхищIэр Iупщlу и режиссёр Iэщlагъэр кьигъэсэбэлу лъэныкъуэр уи пщIэнымрэ уэрэт пэлъытэу кьыщIыпщигъэхуфри.

Фырэ Руслан псэжамэ, и ныбжьыр илъэс 70 ирикIыну арат. Нэхъыжьхэм жаIэу урохьэлIэ цIыхум кьигъэщIар къызэрытыгъ и илъэс бжьыгъэракьым, атIэ а илъэс бжьыгъэр къызэригъэщIаращ. Руслан куэд кьимыгъэщIами, лэжьыгъэшхуэ, дуней тетыкIэ дахэ къызэринэкIащ, и IэхуэщlафэкIи и псалъэкIи зыльэIэсу, зыхунэсу хъуам - зы дахагъэ гуэр хилъхьэ. Гъуэзджэр ипэлъэ кIуэтэн щхьэкIэ цIыху къарурэ гупсысэ лъагэкIэ щIэтэбэтэн хуейщ. Руслан хуэдэ цIыхуэм сыт щыгъуи дыхуэныкъуэщ.

ХЬЭМЫРЗЭ Ахьмэд,
КъБР-м щIыхь зиIэ и артист.

Фырэ Руслан и къуэ Астемыррэ ипхъу Роксанэрэ я гъусэу.

Русланрэ актрисэ ныбжьыщIэмрэ.

Адыгэ гупым щыджэгухэр. *1984 гъэ*

Театрым и «Iэнэ хъурейм» хэту.

НалэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ТекIуэжь Заретщ.

Уэрэд жыIэным къыхуигъэщIа

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и артисткэ Бэгъуэтыкъ Светланэ и макъымрэ и утыку итыкIэ дахэмрэ, и теплъэмрэ и гъащIэмрэ, и лэжьыгъэмрэ и цIыху хэтыкIэ екIумрэ теухуауэ Iэджэ, фIы защIэу, жыпIэфынущ. Езыр абджыпсым къыхэщIыкIа кумбыгъэ щIэращIэм, и макъыр псы екIэхьи и Iущащэ макъым ебгъэщхьыфынущ...

ПСОМИ ящIэркъым уэрэджьыIакIуэ цIэрыIуэм и унэцIэ дыдэр зэрыГугъэтыжыр. Абы и адэ Батыр Лениным и цIэр зезыхьэ еджапIэ цIыкIум щыщIэтIысхьэм, урысыбзэр зэримыщIэм къыхэкIыу и унэцIэр адыгэбзэкIэ жиIати, ар къаэзыгурыIуауэ ятхащ.

1960 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и классикэ гъуазджэм вагъуэжьым хуэдэу къыхыхьат Светланэ: абы и «Университет вальсыр» дэнэкIи щыIурт икIи зы щIэблэкъым ар гимн пэлъытэ зыхуэхьуар. Ящ пIэлъкIэ операм абы къыщигъэщIа Мадинэ и образыращэ?! Ар ди нэгу къыщIэнащ Бэгъуэтыкъ Светланэ и теплъэ иIэу - хъыджэбз Iэмащ-лъэмащ цIыкIуу, абы щыгъуэми хахуэрэ къарууфIэу.

АдэкIэ къыкIэлыкIуащ «Травиата»-р, уэрэджьыIакIуэм нэхъыфI дыдэу илъагъуэм ящыщ партиер. Верди и оперэм и премьерэр гуимыхуж щыхъат ди республикэм, Бэгъуэтыкъым и макъ гъуэзэджэмрэ зэчийфмрэ я фIыгъэкIэ тельыджэу къехъулIат ролыр. А зым фIэкIа утыку хъуримыхьами, Светланэ и цIэр дыщэ хъэрфхэмкIэ тхауэ лъэпкъ гуэзджэм и тхыдэм къыхэнэнт.

КъыкIэлъыкIуащ Чэзибан и партиер (Молэ Владимир и «Дахэнагъуэ» оперэм), Лейлэ (Бизе и «Искатели жемчуга»), Розалиндэ Адельрэ (Штраус и «Летучая мышь»), Виолетэ (Кальман и «Фиалки Монмартра») сымэ я образхэр, Совет Союзым и къалэшхуэхэм, ди республикэм и къуажэхэм, Кавказ Ищхьэрэм и щыналъхэм, нэгуъущI къэралхэм щита концерт куэдхэр. ДэнэкIэ кIуэми екъулIэныгъэт бэлъхъугъэм къыпэплъэр. Псалъэм папщIэ, «Травиата» оперэр ящуэ щагъэлъэгъуам, Iупхъуэр пщыкIублрэ Iуахьжауэ щытащ, нэгуъущI пшыхьхэм Iэгуауэр дакъикъипщIым нэскIэ щыужьыхьэтхъкъым. Бэгъуэтыкъым и дежкIэ пщIэшхуэт я гулыIэтэ псори, ауэ псом нэхърэ нэхъ лъапIэр спектакль къэс ящ тIысыпIэхэм щысу къеплъ и адэ-анэр зэрыгушхуэрт, утыкум щигъаГъумрэ и пхъум и екъулIэныгъэмрэ игъэин адэм и гуфIэгъуэ нэпсэкрт.

Бэгъуэтыжьым и макъым къигъэуш гурыщIэм къапкърыкIырт усакIуэхэм я Iэдакъэщ1кI куэд, композиторхэми макъамэ лжьыыгъэхэр Светланэ и уэрэд жьыIэкIэм трауху́рт. Псалъэм папщIэ, Темыркъан Борис и «Лирическэр», Тхьэгъэзит Зубер и «Хьыджэбз уэрэдыр», «Бжьэ дыщэхэр», Шэрий Иринэрэ Геттуев Максимэрэ зэдатха «Каштанхэр», нэгъуэщIхэри зыхуауасар Бэгъуэтыжращ, абы и макъ тельыджэрщ. Хьэлупэ Джэбраилрэ уэрэджьыIакIуэмрэ ипхъу зэрызэдэлэжьам икIи зэныбжьэгъуфIу кьыззрыязэгъуэгурыкIуам и фIыгъэщ лирикэ цIыкI зыбжанэрэ произведенэ лъэщхэмрэ дж лъэпкъым и музыкэ гъуэзджэм и хьугъуэфIыгъуэ зэрыхъуар. Урыс романсхэр, «Отцвели уж давно хризантемы в саду» циклыр, я лъабжьэу траха телевизионнэ фильмыр, Щоджэнцыкlу Алий и поэмэкIэ игъэжьэзыра фильм-спектаклыр ди телевиденэм и дыщэ гъэтIылъыгъэхэм зэрыкъыхьам шэч хэлъкъым.

Сабий цIыкIуитI зи Iэблэм тес бзылъхугъэм куэд хуэзфIэкIыпт. Ар хэтт жьылагъуэ лэжьыгъэм, ди республикэм и хабзэубзыкъ Iэнатlэ нэхъыщIхьэм и депутатри щытащ. Сыт ищIами псори зыхуиунэтIар къыщыдалъуа лъахэрщ, къызыхэкIа лъэпкъыщ, къыбгъэдэт цIыхухэрщ. Москвэ, Санкт-Петербургэ и утыкуэхэм ирагъэбгIэгъуэм, Светланэ идакъым абыхэм кIуэн, и гуащIэм дихьэх и хэкуэгъуэхэр къыхуэгъэнакъым.

Хьыджэбз нэ фIыщIэ цIыкIур хьыдан жарумэм щыкIуэщIыпхьам щыщIэдзауэ уэрэд жиIами ярейт. Бэгъуэтыжьым и япэ концертхэр щекIуэкIа, и унагъуэр щыпсэу коммуналь нэ пщIантIэм дэс псоми зы жьэу жаIэрт уэрэджьыIакIуэ тельыджэ абы къызэрищIыкIынур. Светланэ и анэр щIэхъуэпсырт и пхъум дохутыр Iэщ1агъэр зригъэгъуэтауэ илъагъуну. Гъуазджэр фIыуэ зыIыгагъу, гукъыдэж щIеIэм и деж «Сулико» и уэрэдыр жызыIэ, егъэджакIуэ, школым и унафэщIу илъэс куэдкIэ щыта и адэм ищIэрт зэфIэкI иIэмэ Iэмал имыIэу ар гущIыIу къызэрыхъунур.

Музыкэ Олимпым и щыгум уэрэщIыхутэн папщIэ актёр талант уиIэн, ритмыр къыпхуэубыдын, а псор зэрызэбгъэхъулIэфын ерыщIыгъэ убгъэдэлъын хуейщ. Уэрэд жьыIэу зебгъэсэфынумэ, псэ псыхьарэ къаруу къатемыланджэжрэ уиIэмэщ уи мурадыр щIызэбгъэхъулIэфынур. Ахэр псори къыщыпкIыу бгъэдэлът Бэгъуэтыжь Светланэ. Налшык музыкэ училищэр къыщиухри, Саратов дэт консерваторэм и щIэныгъэм щысыпхъэхъуащ абы. Иджыри япэ курсым щIэсу ар хагъэхьащ гуп къыхэхам икIи профессиональнэ сценэм уэрэд щыжьинэ щIидзащ.

Кэд щIакъым уэрэджьыIакIуэ щIэрыIуэ гуэрым и интервью сыкъыззэреджэрэ. ХуэзфIэкIам сыт хуэдэ егъэджакIуэхэм я фIыгъэ хэлъу къильытэми журналистыр щыщIэупщIам абы жиIащ псори езым и закъуэ къарукIэ зригъэхъулIауэ. Бэгъуэтыжьым апхуэдэу жиIэнукъым. Абы ибзыщIыркъым махуэ къэс жьыхуаIэм хуэдэу зыгуэрым щапхъэ зэрыгрихьар, ар профессиональнэ Iуэху ирехъу е гъащIэ дыдэрауи щрети. Езыгъаджэ псори ещIэж, яхуэарэзыщ, вокалымкIэ и егъэджакIуэу щыта, Саратов къэрал консерваторэм и профессор Стрижов Ольгэ жиIауэ щытахэр нобэр кьыздэсым игу къегъэкIыж. А и цIыхуфIагъэр арагъэнщ Светланэ и теплъэкIи и зыныгъыкIэкIи зэкIужу къыщыIызэтенар, и нэхэм гуапагъэр къыщIыщIихьар.

Бэгъуэтыжьым зэи зыхэтыкIакъым, гулъытэ зыхуригъэщIыну къильыхьуаркъым, и щхьэм пщIэ хуищIыкъэ щIыхуэхэм фIыуэ къызэралъагъур и куэлеягъэ нэхъыщхьэу псэу мыхъумэ. Сэ зэи слъэгъуакъым абы и мыIуэху зэрихуауэ, зыгуэрым хуэпсэлъауэ. ГъащIэр апхуэдизымкIэ кIэщIщи, апхуэдэ Iуэху мыхъумыщIэхэм ар тебгъэкIуэдэну гупыкIыгуэйщ. Ар фIы дыдэу кьыгурольэ ди ныбжьэгъуэм. Псори дзэныхэм нэгъуэщI зы хьэпи хэлъщ икъуэкIэ гушыIэрейщ, гукъыдэж имыIэми ар Iэзэу щIехъумэф. ГуфIэр и нэгум кьищ зэпытщ Светланэ, и джагуалъэ гъэщIагъуэнхэмрэ и гушыIэ зыхьрыбзэхэмрэ щIыхуэхэм хэз хьуащи, дыхьэшхыу ахэр зэIэпах. Сытым дежи зэщIэжыщ, дахэу хуэпащ, и щхьэщыр зыхуей хуэгъэзащ. Шанель Габриель и псалъэхэр гупсымыкIыу уигу кьегъэкI абы и теплъэм: «Щыхубзым и дежкIэ ныбжьыр нэхъыщхьэкъым: илъэс тIощIым и деж екIуу, илъэс плIыщIым ирихьэлIэу гуакIуэу щытыфынущ, и гъащIэ псокIэ удихьэхьуи кьызэтенэфынущ». Апхуэдэущ Бэгъуэтыжь Светланэ. Пэжщ, абы лажьыгъэшхуэ и лъабжьэм щIэлъщ: гъэсэныгъэ дахэ зэриIэр, щэнхабзэ куу зэрыхэлыр, тхьилъ куэд зэреджар, и цIыхуфIагъыр, сыт хуэдэ щытыкIэ гъащIэм иригъэувами зэрызэпIэзэрытыр.

Светланэ и хьэл-щэныр фIыуэ хэзыгъэлъагъуэ зы Iуэхугъуэ вжесIэни. УэрэджьыIакIуэр сымаджэ хъуат, операщ щащI стIолым кьытемыкIыкIэ шынагъуэ щыIэу. Тхьэм и фIыщIакIэ и узыфэр кьахутэри и Iэзэгъуи кьыхуагъэтащ. И уIэгъэр щапхэкIэ и гъын къэзыгъакIуэ уз щэчыгъуейм хэкIыпIэу кьыхуигъуэтар гъэщIэгъуэнт: ину Травиатэ и ариер жиIэрт. Отделенэ псом зэхахьрт фIыуэ ялъагъу уэрэджьыIакIуэм и макъ тельыджэр икIи псори щэхуу тхьэ хуельэIурт. Апхуэдэущ ар зыхьхьэ гуп псоми фIыуэ кьызэрыщащIалъагъур - Музыкэ театрым, ди республикэм и Къэрал филармонием, Щэнхабзэмрэ гъуазджэмкIэ колледжым, иджы Кавказ Ищхьэрэм гъуазджэхэмкIэ и институтым.

Гъащ1э гъуэгум зыщыIущ1а псоми Светланэ езыпхыр и Iэщ1агъэм и закъуэхъым, атIэ зэныбжьэгъугъэ нэси яку кьыдохьуэ. Псалъэм и хьэтыркIэ, училищэм и япэ курсым щыщIэдзауэ, иужькIэ консерваторэмм щызэныбжьэгъуащ, зы пэш зэдыщIэсащ Гъэсашэ Натальерэ абырэ. Дэтхэнэ и ныбжьэгъуми - ирехъу ар Темыркъан зэкъуэшхэу Борисрэ Юрэу, балеринэ цIэрыIуэ Хьэкъуп Роззу, дирижёр-хоровик Хьэщыкъуей Роззу - сыхьэт бжьгъэкIэ я гугъу ищIыфынущ Светланэ. Игу кьеуэу, иринэщхьейуэ топсэлъыхь абыхэм ящыщу дунейм ехьажахэм, и щхьэгъуэсэ онколог Iэзэри яхэту. И лым и фэеплъыI Бэгъуэтыжьым къыхуэнащ дахэрэ хъуэпсегъуэу кьыздагъэщIа илъэс бжьгъэхэр, зэдагъуэта я бынхэмрэ абыхэм я бынышхэмрэ.

Оперэ гъуазджэм ди республикэм щигъэтыну гулъытэм егъэгуэвэ Бэгъуэтыжьыр. Зэуэ сценэм кьыщыIнэхуу етIуанэ махуэм ящыгъупщэжхэм Светланэ егъэщхьэжагъуэ. Иригъэджкэр псори ещIыжж, утыку зэмылIэужьыгъуэхэм ехъулIэныгъэ щызыIэрызыгъэхьахэм я зэфIэкIым иропагэ. Апхуэдэхэщ ди къэралым и къалащхьэм уэрэд щыжьызыIэ Жабоевэ Аса, зэхьэзэхуэ куэдхэм я лауреат, Рахманиновым и цIэр зезыхьэ дунейпсо зэпеуэм и Гран-при саугъэтыр зыхуагъэфэща Мэкъуауэ Астемир, нэгъуэщIхэри.

Бэгъуэтыж Светланэ соплъри хьэкъ сщоху дыщэр дыщэпс зэрыхуэмыныкъуэр. Ауэ къызгурымыIуэр зыщ: сыт хэпат дамыгъэхэр, щIыхьыщIэхэр нэхъыбэу щIимыIэр? Къызгурое́уэ ар бзылъхугъэм и дежкIэ зэрымынэхъыщIхьэр, арщхьэкIэ дэ, и ныбжьэгъуэм, абы и гуащIэм и уасэр, ди республикэм и гъуазджэм кьыщымынэу, къэралым и макъамэ зэщIэлъыкIуам и япэ махуэм щыщIэдзауэ. Хэхъуауэ пенсэр кьратынущ **кьыщыуКIыжа мазэм кьыкIэлъыкIуэ еплIанэ мазэм щыщIэдзауэ, блэкIа мазищым кьыхудыщIагъуари хьыхьу**.

Псалъэм папщIэ, пенсионерыр гъатхэпэ мазэм лжьапIэм Iукlыжамэ, бадзэуэгъуэ мазэм пенсэр кьыIэрыхьэнущ индексацэр хьихьэу, апхуэдэуи япэрей пенсэмрэ иужьрей мазищым - мэлыжьыхь, накьыгъэ, мэкъуауэгъуэ - я пенсэмрэ зэрызэщхьэщыкI ахъшэр кьыдыщIагъуржынущ. ЛэжьапIэм Iукlыжа нэужь индексацэм теухуауэ пенсионерым ПФР-м зыхуигъэзэн хуейкъым, пенсэм хэгъэхъуэныр езыр-езыру зэфIокI. Пенсионер лажьэм IэнатIэм Iукlыжа нэужь кьыIэрыхьэну пенсэр зыхуэдизынур кьыщищIэфынущ ПФР-м и сайтым щиIэ кабинетым.

УАРДЭ Женя.

Уэтей Хьэзем и екъулIэныгъэщIэ

Иджыблагъэ Сочэ щекIуэкIа «Лазурная волна - Сочи 2021» еханэ музыкэ зэпеуэм пашэныгъэ щIубыдри, дыщэ медаль къыщыхуагъэфэщащ Сирием къикIыжа адыгэхэм я щIэблэщIэ Уэтей Хьэзем.

ЕХЪУЛIЭНЫГЪЭ зыбжанэ илъэс зэкIэлъхьэжьым зыIэрызыгъэхьа Хьэзем теухуа тхьигъэ зыбжанэрэ кьытехуащ ди газетым. УщымыгуфIыкIынкIэ Iэмал иIэкъым, пIалъэ кIэщIым къиуфыдзэу зэрысбзэмрэ адыгэбзэмрэ уэр-сэру ззызыгъэщIажа ныбжьыщIэр иужькIэ макъамэм и щхъуэм хуеджэу, а унэтIныгъэмкIэ зэфIэкI лъагэхэр кьигъэлъэгъуэн зэрыщIидзар. Урысейпсо, хэгъэгу зэпеуэ куэдым ящ увыпIэхэр щызэIэригъэхьащ. УдимыхьэхынкIэ Iэмал иIэкъым Хьэзем шыкIэпшынэм кьригъэкI макъамэхэм. Абы кьыдэкIуэу, Уэтейхэ я къуэм хэлъ гъэсэныгъэмрэ хабзэ дахэмрэ нэIуритщи, занщIэу уатхьэкъу.

Мэкъуауэгъуэм и кIэхэм Сочэ щекIуэкIа зэпеуэм ди къэралым и щIыналъэ куэдым щыщ гупхэр, уэрэджьыIакIуэхэр щызэхуэсри макъамэм и унэтIныгъэ псомкIи щызэпеуати, ди лъэпкъэгъу щIалэр нэхъыфIхэм ящыщу къагъэлъэгъуащ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий иджыблагъэ щIалэщIэр иригъэблагъри и екъулIэныгъэмкIэ екъуэхъуащ, фэеплъ саугъэтхэри иратащ. Абы жиIащ къыдэкIуэтей щIэблэм гулъытэ хуэщIыным, защIэгъэкъуэным и мыхьэнэр зэрыиныр, ар ДАХ-м и лэжьыгъэм къыгъэхьыпIэ имыIэу зэрепхар. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм Хьэзем къыгъэгугъащ дяпэкIи дэIэпыкъуну и екъулIэныгъэхэм кIэлъыплъыну.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● Хъыбар гуапэ

● Пенсэ фонд

Къыватынур зыхуэдизынур фщIэн папщIэ

Пенсионерыр лэжьапIэм Iукlыжа иужькIэ и пенсэм зэрыхэхъуэ щыкIэм иджыри фыщыдогъэгъуаз.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэр Республикэм щыIэ Пенсэ фонд IэнатIэм фигу кьеГъэкIыж страховой пенсэр, индексацэри хьихьэу, зратыр мылажьэ пенсионерхэр зэрыарар. Мы гъэм и щIышылэм абыхэм я пенсэр проценти 6,3-кIэ хэхъуащ.

Лажьэ пенсионерхэм апхуэдэ хэхъуэр я ирагъэвэ, пенсэр къаззрыIэрыхьэр индексацэр хэмытущ. Пенсионерым индексацэм техуэ псори кьратыж лэжьапIэм кьыщыIукIыжа мазэм кьыкIэлъыкIуэм и япэ махуэм щыщIэдзауэ. Хэхъуауэ пенсэр кьратынущ **кьыщыуКIыжа мазэм кьыкIэлъыкIуэ еплIанэ мазэм щыщIэдзауэ, блэкIа мазищым кьыхудыщIагъуари хьихьэу**.

Псалъэм папщIэ, пенсионерыр гъатхэпэ мазэм лжьапIэм Iукlыжамэ, бадзэуэгъуэ мазэм пенсэр кьыIэрыхьэнущ индексацэр хьихьэу, апхуэдэуи япэрей пенсэмрэ иужьрей мазищым - мэлыжьыхь, накьыгъэ, мэкъуауэгъуэ - я пенсэмрэ зэрызэщхьэщыкI ахъшэр кьыдыщIагъуржынущ. ЛэжьапIэм Iукlыжа нэужь индексацэм теухуауэ пенсионерым ПФР-м зыхуигъэзэн хуейкъым, пенсэм хэгъэхъуэныр езыр-езыру зэфIокI. Пенсионер лажьэм IэнатIэм Iукlыжа нэужь кьыIэрыхьэну пенсэр зыхуэдизынур кьыщищIэфынущ ПФР-м и сайтым щиIэ кабинетым.

УАРДЭ Женя.

● Шы спорт

Рогожиным и лъагапIэ

Псэужатэмэ, нобэ и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирикъунут ди республикэм и тхьыдэм дыщэ хьэрфхэмкIэ иратка шы спортымкIэ олимп чемпион Рогожин Сергей. И екъулIэныгъэ иным гу щIимыхуэу дунейм зэрехьыжрэ куэд щIами ар IэфIу я гум илъщ цIыху минхэм.

МЭЗКУУ щыIа XXII Олимп джэгуэхэм я чемпион Рогожин Сергей Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащ-хьэм хъущIахуащ 1956 гъэм бадзэуэгъуэм и 6-м. СССР-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастерщ. Шы спортымкIэ Налшык и «Урожайм» зэтащ. 1980 гъэм Москва щекIуэкIа Олимпиадэм троеборьемкIэ командэ зэхьэзэхуэм ды-щэ медалыр кьыщIихьащ. Ар и гъэсэнщ Совет Союзым щэнейр и чемпион, Урысей Федерацэм пщыкIуэрэ щытекIуа, шы спортымкIэ дунейпсо категорие зиIэ судья, я хьэшыпхъ щIыхь зиIэ и тренер Къунькъ Мухьэрбий.

Олимпиадэ нэужькIи 1983 гъэм Костромэ щызэхэта СССР-м и чемпионатым щыIэу Рогожин Сергей зытеса шыр лъэпэрапэри кьехуэхащ, езыри абы и лъабжьэм щIэхуэкIри, зэшэзэпIэу иукIащ. Нобэр къыздэсым шууейхэр а щIыпIэм «Рогожиным и лъагапIэкIэ» йоджа, ди спортсменым и фэеплъ абдежми щытщ.

КъАУДЫГЪУ Заур.

● Футбол

«Ислъэмейм» и пашэныгъэр Джылахъстэнейм щытрах

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым ипкъ иткIэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ иужьыу зэхэта джэгуГъэм нэхъ къыхэгъэбелджылыпхъэщ Джылахъстэнейм щыIар. Абы и пашэныгъэр щыфIэкIуэдащ иджыри къэс зэхьэзэхуэм бжьыпэр щызыIыгъа «Ислъэмейм».

БАХЪСЭН районым иджыпсту и командэ нэхъыфIыр кьэдзыхащ гуп нэхъ лъащхэм зэрахуэзэу. ЯпэщIыкIэ, тхьэмахуитI ипэкIэ, бэнэныгъэ гуащIэ дригъэкIуэкIам, мы гъэм япэу ар къыхигъэщIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и нэгъабэрей чемпион Прохладнэм и «Энергетик»-м. Иджы «Тэрчым» бжьгъэщхуэкIэ къыпикIуэтащ. Арати, пашэныгъэр фIэкIуэдащ.

Бжьыпэр иубыдащ Лэскэн районым хьихьэ Урыху къуажэм и командэм. АрщхьэкIэ очко яфIэкIуэдахэр къэпIлъытэмэ, абы япэ кьищыжьыфынущ «Тэрчри» «Родник»-ри, ягъэIэпхъуа зэIущIэхэм щытекIуэмэ. Иджыпсту я гущIэгъуэу ахэр мэджэгу.

Дызыхэхъуэ щIэхъмахуэм икъуэкIэ зэIущIэ хьэлэмэт Псыгуэнсу щекIуэкIынущ. Хэгъэрейхэм кьрагъэблэгъэнущ сыт щыгъуи ныкъуэхъуэгъу лъэщ къахуэхъу Тэрч районым и командэр. КьищынэмыщIауэ, зэхьэзэхуэм бжьыпэр щызыубыда «Урыхум» ар щихъумэну хущIэхъунущ Хьэтlохъуущыкъуей къуажэм. Ари Iуэху тыншкъым.

Иуан Азрэт («Энергетик»), Суйдым Алэн («Урыху»), Глашев Алим («ЛогоВАЗ») сымэ гъуащхьауэхэм я зэпеуэм пашэныгъэр зэрыщаIыгъщ.

Адэкlэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и зи чэзу джэгуГъуэм щызэIущIэнущ: *бадзэуэгъуэм и 10-м* - «Родник» - «Шэджэм-2», «ЛогоВАЗ» - «Малка», «Ислъэмей» - «Шэрдж», «Спартак-Д» - «Энергетик»; *бадзэуэгъуэм и 11-м* - «Хьэтlохъуущыкъуей» - «Урыху», «Кэнжэ» - «Эльбрус», «Псыгуэнсу» - «Тэрч», «Шэрдж» - «Нарт» командэхэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм 2021 гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Урыху»	8	6	1	1	27-13	19
2. «Ислъэмей»	8	6	0	2	30-16	18
3. «Тэрч»	7	5	2	0	22-8	17
4. «Родник»	7	5	2	0	35-7	17
5. «Кэнжэ»	8	5	2	1	18-11	17
6. «Энергетик»	7	5	1	1	22-12	16
7. «Шэджэм-2»	8	4	2	2	17-14	14
8. «ЛогоВАЗ»	8	4	1	3	20-18	13
9. «Шэрджэс»	8	3	2	3	18-22	11
10. «Хьэтlохъуущыкъуей»	8	3	1	4	18-21	10
11. «Псыгуэнсу»	8	2	3	3	18-20	9
12. «Спартак-Д»	8	1	3	4	8-12	6
13. «Эльбрус»	8	1	2	5	12-25	4
14. «Малка»	7	1	0	6	10-18	3
15. «Нарт»	8	0	0	8	14-41	0
16. «Шэрэдж»	8	0	0	8	6-37	0

● КъБР-м и прокуратурэм

Къыумылэжьар хьэлэлкъым

КъБР-м и Прокуратурэм къыззритымкIэ, Лэскэн район прокуратурэм и зэрэдэмкIэ уголовнэ Iуэху къаIэтащ Iулъхъэ тын-къеIыхьыным ехьэлIауэ.

КъБР-м и Лэскэн муниципальнэ районым и еджапIэ IэнатIэхэм лэжьапщIэр зэрат щыкIэм теухуауэ щыIэ хабзэр зэрыщагъэзащIэр къыщапщытэм, ныкъуэныгъэ къыщIагъэщащ. Районым и щIыпIэ администрацэм ЕгъэджэныгъэмкIэ и управленэм кадр лэжьыгъэмкIэ и къудамэм и унафэщIу щытам КъБР-м Цыхухэр егъэджэныкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм и приказэм я выпискэ нэпцIкэр Iулъхьэкъ егъэхьэзыру щытащ, егъэджакIуэхэр аттестацэм пхыкIа хуэдэу. Абы кьрикIуараци, КъБР-м и Лэскэн районым и еджапIэхэм я лэжьакIуэ-хэм хабзэншагъэкIэ къаIэрыхьащ квалификацэ категориехэр, я улахуэм хущIагъуащ.

Районым и прокурорым УФ-м и УПК-м 37-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм и п.2-м ипкъ иткIэ тхьылъхэр иригъэхьащ щыналъэм щIиэ хьудамэм.

Прокурор хэспщIэныгъэм кьрикIуа тхьылъхэм хэпльэри, Д. теухуа уголовнэ Iуэху къаIэтащ УФ-м и УК-м и 290 статьям и 3-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ.

Уголовнэ Iуэхур зэрызэхагъэкIым я нэIэ тетынущ.

ДЫГУЛЫБГъУ Жантинэ.

● Май щIынатъэ

Гъэ еджэгъуэщIэм ирихьэлIэу

«Сабий къэс утыкум ехъулIэныгъэ щегъэгъуэтын» къэрал проектым и фIыгъэкIэ ди республикэм и жылагъуэ куэдым спортзалыщIэхэр, топ джэгуплI эрыщIэхэр, утхэр щаухуащ е зыхуей щыхуагъэзащ.

КъУАЖЭДэС сабийхэр спортымрэ физическэ щэнхабзэмрэ дегъэхьэхыным, я узынщагъэр егъэфIакIуэным хуэунтIа а проектым ипкъ иту мы зэманым йолэжь КIыщокъуэ Алим и цIэр зрихьэу Щхьэлыкъуэ дэт курыт школ №2-м и спортзалым. Ар унэ лъэгум кьыщыщIэдзауэ, унащхьэм щыщIэкIыжу зыхуей хуагъазэмэ, пэшыр зэщIэуэзда хъунущ иджыпей спорт тренажёрхэмрэ IэмэпсымэхэмкIэ. А псори зэфIэкIынущ гъэ еджэгъуэщIэм ирихьэлIэу.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор-унафэщI), Щирдий Маринэ (редактор-унафэщI), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Астъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Иэз.



Езыгъэтхахэр «Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Iуэхущ1анIэхэм я щэлэжьэныкIэ - 42-60-53; узышIагъэмрэ щIыуэпсыр хъумэныкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хьыбарыщIэхэмкIэ - 42-22-88; зэдзэкIаIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъыкIэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтекIу зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыкIэзыгъэзащ и 19-м Печатным и хутыныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1анIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. (12+)

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытращащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщкI Соня**, *редактору* **Жыласэ Заурбэч**, *корректорхэру* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 2-нэ нап.)*, **Елмэс ФатIимэ** *(3, 4-нэ нап.)*. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIаш* **Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Биц Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ схьыж 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 1777 ● Заказ №1461